**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК:**

**Қожабаев Сакен Қожахметовичтиң**

**Тема: Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыў перспективалары**

**5А440501-«Экономикалық ҳәм социаллық география»**

**МАГИСТРИ**
**академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

***Д И С С Е Р Т А Ц И Я***

**Илимий басшы __________ г.и.к., доц. Г.А.ХОДЖАЕВА**

**География кафедрасында көрип шығылды ҳәм жақлаўға жиберилди**
**«____»__________ 2010 ж.**

**Кафедра баслығы**
**_________ доц.Г.Ходжаева**

**НӨКИС-2010**

## МАЗМУНЫ


| | | |
|---|---|---|
| | **КИРИСИЎ** | 3 |
| **I БАП.** | **НӨКИС ҚАЛАСЫНА ГЕОГРАФИЯЛЫҚ СЫПАТЛАМА ҲӘМ ТАРИЙХЫ** | 8 |
| **I.1.** | **Қаланың географиялық жайласқан орны, шегаралары, оның эконом-географиялық жағдайларына тәсири** | 8 |
| **I.2.** | **Нөкис қаласының пайда болыў тарийхы** | 10 |
| **II БАП** | **НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ ХАЛҚЫ ҲӘМ МИЙНЕТ РЕСУРСЛАРЫ** | 14 |
| **II.1.** | Нөкис қаласы халқының өсиў динамикасы ҳәм тығызлығы | 14 |
| **II.2** | Нөкис қаласы халқының тәбиийий өсим | 18 |
| **II.3** | Қала халқының қурамы | 23 |
| **II.4** | Нөкис қаласы мийнет ресурслары | 26 |
| **II.5** | Қала халқының миграциясы | 30 |
| **III БАП** | **НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ** | 37 |
| **III.1.** | **Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыў бағдарларына сыпатлама** | 37 |
| **III.2.** | **Нөкис қаласының функциялары** | 40 |
| **III.3.** | **Қаланың социаллық тараўларының раўажланыўы** | 44 |
| **III.4.** | **Нөкис қаласының алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарлары** | 46 |
| | **ЖУЎМАҚЛАЎ** | 52 |
| | **ӨМИР ҚӘЎИПСИЗЛИГИ** | 54 |
| | **ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР** | 61 |
| | **ҚОСЫМШАЛАР** | |

# КИРИСИЎ

***Теманың актуаллығы:*** Жәмийетимиздиң барлық тараўларындағы жүз берип атырған қубылыслар барлық тараўларда да бир қатар машқалаларды пайда етип, олар терең үйренилиўди талап етеди.

Республикамыздың экономикалық сиясатында ҳәр бир регионның социал-экономикалық жағдайын, халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў, оны социаллық қорғаў мәселелелри әҳмийетли рол ийелейди. Бул ислерди әмелге асырыў ҳәм олар менен байланыслы машқалаларды шешиў мәмлекет басшыларының дыққат орайында турыпты.

Президентимиз И.А.Каримов өзиниң 2010 жылы 27-январь күнги Олий Мәжилистиң мәжилисинде шығып сөйлеген сөзинде «Мазмун-мәнисине бола, социаллық-экономикалық, жәмийетлик-сиясий реформаларды, биз таңлаған мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы моделин енгизиў процессинде пуқаралардың елди басқарыўдағы ролин арттырып барыўды тийкарғы орынға қоятуғын «Күшли мәмлекеттен-күшли пуқаралық жәмийетке қарай» бағдарламасын әмелге асырыў бойынша ислерди буннан былай да күшейтиў мәселесин бүгин турмыстың өзи күн тәртибине барған сайын қатаң түрде қоймақта»[1]-деп атап өткен еди. Бул өз нәўбетинде бизиң алдымызға республикамыздың ҳәр бир орнында социал экономикалық жағдайдың жақсыланыўы ушын мүмкиншилиги болғанынша өз үлесимизди қосыўды талап етеди.

Жоқарыдағы айтылғанлардан келип шығып бизиң магистрлик диссертациямыз усы мазмундағы темаға бағышланған. Бул машқаланы илимий изертлеў жумыслары экономикалық ҳәм социаллық географияның ең актуал мәселелериниң бири.

Нөкис қаласы 1932 жыл 1-апрелдан баслап Қарақалпақстан Республикасының пайтахты болып белгиленген. Нөкис қаласы Республиканың экономикалық, сиясий ҳәм мәдений орайы болып есапланады. Қаланың географиялық жайласқан орны Өзбекстанның арқа-батыс тәрепинде, Қарақалпақстан Республикасының орайында жайласқан.

Қаланың жер майданы 212 кв. км, халқының саны 271,2 мың адам. 2003-жылы Нөкис қаласы өзиниң 70-жыллық юбилейин белгилеп, онда Президентимиз И.А.Каримов қатнасты ҳәм сол мүнәсибет пенен қаланы «Дослық ордени» менен сыйлықлады.

---

[1] Каримов И.А. Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - ең әҳмийетли мақсетимиз. 27-январь 2010-жыл, Халқ сўзи газетасы, 20 саны.

Қаланың халық хожалық комплекси индустриал-аграр характерге ийе. Шийки зат пенен бирге қайта ислеп шығарыў кең раўажланған. Қурылыс индустриясы ҳәм азық-аўқат санааты әҳмийетли орынды ийелейди. Қаланың барлық санаат өнимлериниң 50 проценти усы тармақ искерлигиниң өними болып есапланады. Бүгинги күнде санаатда 3303 адам мийнет етип, 2009 жылы санаат кәрханаларында 94119,8 млн. сум муғдарында өним ислеп шығарылды. Қала экономикасына 2009 жылы жәми 57639,7 млн.сумлық инвестиция киргизилди. Буннан қаланың республикамызда тутқан орны гиреўли екенлиги ҳәм оның социал-экономикалық раўажланыў бағдарларын жәнеде тереңирек үйрениў талап етиледи. Сонлықтан, мен өзимниң илимий изертлеў жумысымда усы қаланың *социал-экономикалық раўажланыў жағдайын ҳәм келешегин анализлеўди мақсет* еттим.

***Диссертацияның мақсети ҳәм ўазыйпалары:*** Илимий жумыстың тийкарғы мақсети Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўының ҳәзирги жағдайын илимий жақтан үйрениў, оны илимий жақтан анализлеў ҳәм перспективаларын белгилеў бойынша усыныслар ислеў болып есапланады.

Жоқарыда қойылған мақсеттен келип шыққан ҳалда диссертацияда төмендеги ўазыйпалар қойылды:

- Нөкис қаласының тәбийий географиялық шараятларын қала экономикасын раўажландырыўдағы орнына қарай анализлеў;
- Қаланың пайда болыў тарийхы туўралы мағлыўматларды анализлеў;
- Қала халық санының өсиў динамикасын үйрениў;
- Халқы ҳәм мийнет ресурсларының раўажланыўына тәсир көрсетиўши факторлардың тәсирин үйрениў;
- халықының жас-жыныс қурамындағы өзгерислерди анықлаў;
- қала халқының жумыс пенен бәнтлиги машқалаларын үйрениў;
- халықтың жумыс пенен бәнтлик дәрежеси ҳәм қурамын баҳалаў;
- Нөкис қаласының баслы функцияларының раўажланыўын анализлеў
- Нөкис қаласының алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарларын анықлаў ҳәм оның менен байланыслы машқалаларды шешиў жоллары бойынша усыныслар ислеп шығыў.

***Жумыстың теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.*** Жумыстың теориялық тийкарын Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың елимиз социал-экономикалық реформаластырылыў мәселелерине байланыслы концепциялық мийнетлери, соның менен бирге, социал-экономикалық географияда жаратылған илимий жумысларда келтирилген пикирлер, алға қойылған идеяларға тийкарланылды.

Сондай-ақ жумыста экономикалық ҳәм социаллық география, регионаллық экономика ҳәм т.б. пәнлердиң нызамлықлары ҳәмде концепциялары тийкарланылды. Булар: картографиялық, статистикалық, экстраполяциялық, салыстырмалылық ҳәм т.б. Жумыс 1979, 1989-2009-жыллардағы есап санақ ҳәм статистикалық мағлыўматларға тийкарланған ҳалда жазылды.

***<u>Машқаланың үйренилиў дәрежеси:</u>*** Өзбекстан Республикасында қалалар ҳәм олардың функционаллық ўазыйпалары социал-экономикалық, географиялық жақтан үйрениў мәселелери бир қанша алымлар тәрепинен изертленген болып, олардан А.Салиев, Э.Ахмедов, А.Атамирзаев, З.Раймжанов, З.Абдалова, ҳ.т.б.атап өтиўге болады. Қарақалпақстан Республикасында бул бағдар бойынша Т.Таджимов, Е.Умаров, Г.Ходжаева, Г.Утепова, М.Нуранов, В.Татыбаева ҳ.т.б. илимпазлар үйренген. Олардың көпшилиги илимий мақалалары менен ғана белгили. Нөкис қаласының раўажланыўы бойынша эконом-географиялық көз-қарастан толық изертленген арнаўлы илимий мийнетлер аз.

***<u>Изертлеўдиң илимий жаңалығы</u>*:** Бул жумыст Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыў перспективалары магистрлық диссертация сыпатында дәслепки үйренилип атырған жумыс болып есапланады. Автор тәрепинен бул машқаланы шешиўде төмендеги мәселелер ислеп шығылды:

- Нөкис қаласының тәбийий географиялық шараятларының қала экономикасын раўажландырыўдағы орны анализленди;
- Қаланың пайда болыў тарийхы туўралы мағлыўматлар анализленди;
- Қала халық санының өсиў динамикасын үйренилди;
- Халқы ҳәм мийнет ресурсларының раўажланыўына тәсир көрсетиўши факторлардың тәсирин үйренилди;
- халықының жас-жыныс қурамындағы өзгерислер анықланды;
- қала халқының жумыс пенен бәнтлиги машқалаларын үйренилди;
- халықтың жумыс пенен бәнтлик дәрежеси ҳәм қурамы баҳаланды;
- Нөкис қаласының баслы функцияларының раўажланыўы анализленди;
- Нөкис қаласының алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарлары анықланды ҳәм оның менен байланыслы машқалаларды шешиў жоллары бойынша усынıслар берилди.

***<u>Жумыстың әмелий әҳмийети</u>*** соннан ибарат болып, изертлеўдиң нәтийжелери социал-экономикалық раўажландырыў перспективаларын ислеп шығыўда, сондай-ақ, усы бағдарда шуғылланыўшы қәнийгелер, илимий изертлеў жумысларын алып барыўшылар

ушын илимий ҳәм әмелий әҳмийетке ийе. Изертлеўдиң барысында бир қатар усыныслар исленилди. Олардан Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўын үйренгенде пайдаланыўға болады.

***Диссертация дүзилиси*** кирисиў, үш баб, жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар ҳәм қосымшалардан турып, улыўма көлеми ____ беттен ибарат.

# I-БАП. НӨКИС ҚАЛАСЫНА ГЕОГРАФИЯЛЫҚ СЫПАТЛАМА ҲӘМ ТАРИЙХЫ

## 1.1. Қаланың географиялық жайласқан орны, шегаралары, оның эконом-географиялық жағдайларына тәсири

Нөкис қаласы Қарақалпақстан Республикасының экономикалық, сиясий, мәдений ҳәм административлик орайы. Ол $42^{0}27^{1}$ арқа кеңликте ҳәм $59^{0}51^{1}$ шығыс кеңликте Әмиўдәрьяның оң жағасында жайласқан.

Нөкис қаласы жүдә қолайлы географиялық орында, Өзбекстан республикасының арқа-батысында, Қарақалпақстан Республикасының орайлық бөлиминде жайласқан. Қала арқалы үлкен магистрал Қызкеткен каналы, қубла-батысында Әмиўдәрья дәрьясы ағып өтеди.

Қала Ташкент қаласынан арқада 1240 км, Мойнақ қаласынан 220 км, Төрткүл қаласынан 180 км қашықлықта болып, теңиз қәддинен 74 м. бәлентликте жайласқан. Қала аймағы Нөкис районының Өрнек, Нөкис хожалықлары, Әмиўдәрья районының Бердақ хожалықларының жерлери менен шегараласады, ени 7 км ге жақын тар полосада жайласқан. Қаланың жер майданы 212 кв. км, халқының саны 271,2 (2010-ж. 1-январь)мың адам. Нөкис қаласы 1932 жыл 1-апрелден баслап Қарақалпақстан Республикасының пайтахты болып белгиленген. Нөкис қаласы Республиканың экономикалық, сиясий ҳәм мәдений орайы болып есапланады.

Нөкис қаласы еки үлкен шөлистан, шығыста Қызылқум ҳәм батыста Қарақум шөллери аралығында жайласқан болып, климаты кескин континентал болып, жазы ыссы, қурғақ, қысы қысқа мүддетте суўық болады. Ең төмен температура $-32^{0}C$, ал жоқары температура +27; $+40^{0}C$ ҳәм оннанда жоқары болады. Жаўын-шашын қыс ҳәм бәҳәр мәўсимлеринде жаўады, жылына орташа 80-110 мм әтирапында түседи. Сол себепли қала ҳәм қала әтирапында ыссылықты сүйиўши аўыл-хожалық дақылларын өндириў ҳәм декаратив ағашларды отырғызыў мүмкиншилигин береди. Жаз айларында шөл климатының тәсири ҳаўаның ығалланыў дәрежесин, жаўын-шашынның кемейиўине, қурғақшылық процессиниң ҳәўиж алыўына алып келеди.

Қыс үш ай даўамында күн нурының аз болыўы, усы мезгилде бултлы ўақыттың көп болыўына байланыслы. Қалған 9 ай даўамында (март-ноябрь) күн нурының узайыўы муғдарынан көбирек болып, ал июльде 94 % ке жетеди. Улыўма бир жылда қуяшсыз күнлердиң саны орташа 55-57 күнди қурайды, ал жаз айларында (июнь-сентябрь) қуяшсыз күнлер болмайды.

Нөкис қаласы аймағында Қарақалпақстан Республикасы топырағы сыяқлы шөл шараятына ийкемлескен ҳәр қыйлы топырақ түрлерин ушыратамыз. Булардан ең көп тарқалғанлары аллювиаль топырақ, отлақлы-тақыр топырақ, шорлы топырақ ҳәм адамлардың мийнет искерлиги менен өзгерген мәдений топырақлар кең тарқалған.

Нөкис қаласында өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясының шөл зонасы тәбийий шараятына ийкемлескен түрлери жасайды. Соңғы жыллардағы техникалық прогресс ҳәм қурылыс жумысларының кең масштабда өрис алыўы қаланың тәбийий шәраятын түптен өзгертип техноген ландшафтты жүзеге келтирмекте. Соның менен бирге ҳәзирги күндеги ҳаўаның, суўдың, жердиң ҳәдден тысқары патасланыўы да қаланың тәбийий шараятына кери тәсирин тийгизип атыр.

Қаладағы көплеп санаат кәрханалары ислеп шығарып атырған өнимлер жергиликли зәрүрликлерди толық қанаатландырады, экспортқа жиберилип атырған өнимлер муғдары артып бармақта. Нөкисте таярланып атырған бир неше түрдеги санаат өнимлерине сырт еллерде талап күшли.

Ҳәзирги ўақытта Нөкисте барлық талапларға жуўап беретуғын транспорт тармағы қәлиплескен. Барлық автокәрханалар заманагөй маркадағы автомобильлер менен тәмийинленген. Әсиресе, қалалар аралық қатнас тез раўажланбақта.

Нөкис халқы үзliксиз ислеп турған заманагөй тармағы хызметинен пайдаланбақта. Қалада иске түсирилген «УзДунробита» Өзбек, Америка қоспа кәрханасы, «Юнител», «Коском», «Өзбек мобайл», «Билайн» уялы телефонлардан пүткил дүнья бойлап тез ҳәм қолай байланыс орнатыў мүмкиншилигин жаратты. Почта байланысы да жедел ҳәм исенимли қураллар менен тәмийинленген.

Қалада аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў муғдары артып бармақта. Қайта ислеў кәрханаларында таярланып, қадағаланып атырған түрли азық-аўқат өнимлери, сондай-ақ гөш, сүт, мәйек, обощ палыз өнимлери мүйўе, жүзим, балық ҳәм басқалар тутыныўшылардың мүтәжин толық қанаатландырмақта.

Социаллық сала мудамы дыққат-итибарда. Халық барлық қолайлықларға ийе турақ жайларда жасайды. Ҳәкимшилик ҳәм турақ жай имратлары сапалы ишимлик суўы ҳәм тәбий гәз бенен толық тәмийнленген. Ишки хызметкерлердиң дәраматы артып бармақта. Кем тәмийнленген шаңарақлар социаллық жақтан қорғалады. жумыссызларды ис пенен тәмийнлеў бойынша белгиленген реже тийкарында жумыс алып барлымақта.

Халыққа саўда, мәдений турмыс хызметин көрсетиў жыл сайын жақсыланып атыр. Саламат-әўлатты тәрбиялаўға ең әҳмийетли мәселелердиң бири сыпатында қаралмақта. «Қарақалпақстан Республикасы мәмлектимиз ҳәм жәмийетимиз турмысында айрықша,

басқа регионлар менен салыстырып болмайтуғын орынды ийелейди», деп атап өткен еди, Президентимиз Ислам Каримов. Усы көз қарастан, тек ҳәзирги дәўирди есапқа алып ғана емес, ал Қарақалпақстанның узақ келешегин режелестириўде де биз бул мәселеге айрықша әҳмийет бериўимиз зәрүр. Биз буны Өзбекстанның жәмийетлик қурылысын реформалаў бойынша мәмлекетлик сиясатын әмелге асырыўды да умытпаўымыз керек.

## I.2. Нөкис қаласының пайда болыў тарийхы

XIX әсирдиң 70-жыллары рус географлар жәмийетиниң илимий экспедициясы Әмиўдәрьяның оң жағасында бир қатар тәбийий жағдайын, экономика ҳәм мәдених дөретпелерин изертлеўлер өткерди. Усы жыллар ишинде Нөкисте экспедиция арқалы Әмиўдәрьяның суў режимин үйрениў бойынша гидрометеорологиялық станция қурылды. Әмиўдәрьяның қуяр жеринде жасаўшы қарақалпақлардың турмысы, елатлы пунктлердиң пайда болыў тарийхы туўралы баҳалы мағлыўматлар жыйналды. Әсиресе рус жазыўшысы, сүўретши ҳәм изертлеўши Н.Н.Каразин (1842-1903-жж.) көп очерк, повестьлер жазды, Орта Азия ҳәм Қарақалпақстанға байланыслы сүўретлер, картиналар қалдырды. 1875-жыл Н.Н.Каразинниң «Нөкис аўылы» деген картинасында қара үйлердиң қатара болып жайласыўы, бийик ылай дийўаллар менен жағаланыўларын көрсеткен.

Нөкисти XIX әсирдиң 60-жыллары қайта қурылған атына келсек, ол ҳәр қыйлы атлар менен айтылыўынан шыққан, деп есаплаймыз. Венгер изертлеўши илимпазы А.Вамбери (1883-ж.) өзиниң мийнетлеринде Әмиўдәрьяның шеп жағалығында ески Нөкис қорғаны бар екенлигин жазған. Қарақалпақ топонимикасы материаллары бойынша Нөкис сөзи парсы сөзинен келип шыққан болып, жергиликли тилде 9-адам деген мәнисти билдиреди. Илимпазлар пикирлеринше қала аты «қус», «кеш», «кэс» сөзлери парсы тилинде жатақ жай, турақ жай деген мәнисти аңлатады.

1924-жылы Қарақалпақстан Автономиялық областы дүзилип, оның қурамына Әмиўдәрья ҳәм Хожели областьлары кирди. Автономиялы областтың административлик орайы Төрткүл қаласы болды. Төрткүл қаласы Қарақалпақстанның қубла бөлиминде жайласып, тек 3 районды өз тәсири ишине алды. Оның үстине дегиш алып, қаланы жемирип, жоқ етиў қәўпи күшли еди. Административлик ҳәм экономикалық жақтан автономия пайтахты, областтың орайлық бөлимине (Нөкис қаласы) өзгертиў зәрүрлиги келип шықты. Сол жылларында Қарақалпақстан қалалары үлкен аўылларға уқсайтуғын еди. Сонлықтан қалаларды ҳақыйқый орай етиў ушын турақ жай -коммунал ҳәм социал мәдений қурылысқа үлкен қаржылар ажыратыўды талап етти. Бундай қаржылар ажыратылған қаланың жайласыўы Автономиялық областтың оператив-сиясий ҳәм

хожалық жумысларын басқарыў талапларына жуўап бериў керек еди. Жоқарыда айтылған талаплардың барлығын тек Нөкис қаласы ғана қанаатландырды. Нөкис қаласы туўралы 1927-ҳәм 1928-жыл арнаўлы комиссиялар жумыс алып барды. 1932-жылы 1-апрельде Қарақалпақстан Автономиялы республикасының қурылыўына байланыслы Нөкис административлик орайы Нөкис қаласына айланды. 1936-жылы Нөкис қаласы рәсмий түрде Қарақалпақстан Автономиялық республикасының пайтахты болып белгиленди ҳәм қала қурылысы тез пәт пенен раўажланды.

Нөкис қаласы пайтахт қалаға айланғанынан баслап тап ҳәзирги күнге шекем Республиканың ҳәр тәреплеме раўажланыўында баслы орынды ийелейди. Қаланың тарийхый раўажланыў өзгешеликлерин үйрениўде көплеген илимий жумыслар исленген (Татибаева В.Х. «Нукус - столица Каракалпакстана» ҳәм тағыда басқа мийнетлер).

Бул мийнетлерде Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўы, халқы, мийнет ресурслары тереңирек көрсетилген. Бирақ, Нөкис қаласының өсиўинде халық ҳәм мийнет ресурслары актуал болып, ол туўралы мийнетлер аз жазылған. Жәмийеттиң раўажланыўының ҳәзирги бағдарында Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўын изертлеў үлкен әҳмийетке ийе.

Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Нөкис қаласының заманагөй, сиясий, экономикалық жақтан раўажланған дәўири оның мәдений ҳәм илим орайы сыпатындағы инфраструктурасы соңғы он жыл ишинде қәлиплести. Бүгинги күни қаланың көркине көрик бағышлап турған имаратлар ғәрезсизлик жылларында бинә етилди, яки заманагөй усылда қайта реконструкцияланды.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримов бир неше рет Нөкиске келди. Нөкисте, улыўма Қарақалпақстан Республикасындағы жаңаланыўлар бойынша көрсетпелер берди, жол-жорық көрсетти. Ел басшымыз, әсиресе Нөкисте бой тиклеўи лазым болған жаңа қурылыслар, олардың сыртқы көриниси ҳәм қолайлы болыўы ҳаққында ашық-айдын усынıслар билдирди, әмелий ислерге тәнҳә өзи басшылық етти. Сондай-ақ қаәта реконструкцияланыўы зәрүр болған имаратлар ҳаққында айрықша тапсырмалар берип, қаланы жәнеде абаданластырыў ҳәм көгалландырыў зәрүрлигиниң бас маңызын ашып берди. Мәмлекетимиз басшысының усындай ғамхорлықлары, қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде Нөкис бүгинги күнде өзине тән, өзине сай сулыў келбетине ийе болып бармақта.

Темир жол тармағындағы жаңаланыўлар ғәрезсизлик жемислериниң бири болды. Үшқудық-Нөкис темир жол тармағының қурып иске түсирилиўи нәтийжесинде Ташкент ҳәм Нөкис аралығы әдеўир жақынласты. Соның менен қатар поездлар қатнаўының

Өзбекстан аймағында әмелге асырылыўына имканият жаратылды. Бунның экономикалық, социаллық нәтийжелери шексиз.

## II-БАП. НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ ХАЛҚЫ ҲӘМ МИЙНЕТ РЕСУРСЛАРЫ

### II.1. Нөкис қаласы халқының өсиў динамикасы ҳәм тығызлығы

Адам ҳәм жәмийет мудамы географиялық изертлеўлердиң орайында турады. Халық - бул жәмийеттеги жетилистирилетуғын материаллық, руўхый байлықлардың дөретиўшиси болып қалмай, бул байлықлардың тутыныўшысы да болып есапланады. Соның ушында ҳәр бир регион үйренилгенде тийкарғы факторлардың бири ретинде халық есапқа алынады.

Жоқарыла көрсеткенимиздей мәмлекетимиздиң ҳәзирги социал-экономикалық жақтан раўажланыўының баслы факторларының бири демографиялық ҳәм халық санының өсиўи факторы үлкен роль ойнайды. Сонлықтанда мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов басшылығындағы экономикалық раўажланыў стратегиясының баслы принциплериниң бири ретинде демографиялық шәраятларды тиккелей басшылыққа алыў үлкен ўазыйпа есапланады. Елимизде алып барылып атырған социал-экономикалық реформалардың жемисли болыўы халық саны менен тиккелей байланыслы.

Мийнет ресурслары машқаласы да келешекте жәмийетлик өндиристиң барлық қубылыслары менен тығыз байланыслы болып, халықтың аймақлық бөлистирилиўи, мийнет ресурсларын жайластырыў, сондай-ақ халықтың жыныс-жас структурасы, оның демографиялық раўажланыўына айтарлықтай тәсир жасайды. Мийнет ресурсларының структурасын ҳәм оның бәнтлигин үйрениў келешек жағдайды болжаўда үлкен роль ойнайды.

Президент И.А.Каримов атап өткениндей: «Өзбекстанның әҳмийетли өзгешеликлеринен бири, бул жерде халықтың өсиў пәти жоқары. Ҳәзир республика күдиретли мийнет потенциалына ийе. Мийнет ресурслары заҳирасы пүткил халықтың дерлик 50 процентин қурайды ҳәм ҳәр жылы 210-220 мың адамға көбейип бармақта»[2]

Халық хожалығын режелестириў ҳәм буннан былайда раўажландырыў ушын ҳәр бир регионның халқы ҳәм оның өсиў динамикасын үйрениў әҳмийетли болып есапланады.

Нөкис қаласы Өзбекстан қалалары арасында жас қалалардан есапланады. Оның халқы 2009-жылғы мағлыўмат бойынша 271,2 мың адамнан аслам. Халқының саны

[2] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.-Т.Ўзбекистон, 1997,253-254 б.

бойынша Өзбекстан қалалары арасында 5-орынды ийелеп, Қарақалпақстан Республикасы улыўма халқының 16,6%-тен асламын, ал қала халқының 33,1% тин қурайды. Қарақалпақстан Республикасындағы 12 қала ишинде Нөкис қаласы халқының саны бойынша 1-ши орында турады. Қала халықы саны ол пайда болған дәўирден баслап үзликсиз түрде өсип бармақта (1-кесте).

1-кесте

**Нөкис қаласы халқының өсиў динамикасы**

(мың адам есабында)

| **Жыллар** | Халық саны | **Жыллар** | Халық саны |
|---|---|---|---|
| **1932** | 8,5 | **1999** | 240,8 |
| **1939** | 10,4 | **2000** | 255,2 |
| **1959** | 53,1 | **2001** | 255,4 |
| **1970** | 81,3 | **2002** | 259,5 |
| **1979** | 122,2 | **2003** | 260,2 |
| **1980** | 126,5 | **2004** | 260,8 |
| **1985** | 129,0 | **2005** | 261,2 |
| **1989** | 202,6 | **2006** | 261,9 |
| **1990** | 205,0 | **2007** | 264,3 |
| **1991** | 213,0 | **2008** | 267,0 |
| **1996** | 231,8 | **2009** | 268,8 |
| **1997** | 237,8 | **2010** | 271,2 |

Кестеден көринип турғанындай Нөкис қаласы халқы бәрқулла өсип барғанының гүўасы боламыз. Қалада 1932-жылы барлығы болып 8,5 мың адам болған, ал 1939-жылы 10,4 мың адам болға жетти. 1959-жылы Нөкис қаласы халқы 53,1 мың адамнан асты, яғный Республика халқының 10,4%-ин қурады. 1970-1979-жыллар аралығында қала халқы 81,3 мың адамнан 122,2 мың адамға өсти, яғный өткен жыллар ишинде 40,9 мың адамға өскен. 1980-жылы қалада 126,5 мың адам жасаған болса, 1989-жылы 202,6 мың адамға жеткен. Усы жыллар ишинде қала халқы 76,1 мың адамға өсти. 1989-2009-жыллар аралығында халық 202,6 мың адамнан 271,2 мың адамға өсти. Өткен 20 жыл ишинде қала халқы 68,6 мың адамға өсти. Яғный қала пайтахт ўазыйпасын атқарып баслаған жылдан ҳәзирги дәўирге шекем оның халық саны дерлик 32 есеге өскен. Ал, республикамыз ғәрезсизликке ерискен дәўирден баслап ҳәзирги күнге шекем ол 127,3 %ке артты. Буннан, кейинги жылларда қала халқының азда болса да өсиў пәтиниң төменлегенин көремиз. Бул жағдай соңғы жыллардағы тәбийий ҳәм механикалық өсимниң төменлегенлиги, қаланың сыйымлылығы менен байланыслы жүз бермекте. Дәслепки жыллары қала халқы тийкарынан көшип келиўшилер есабынан өсип келген еди.

Нөкис қаласынан көшип кетиўшилердиң санын мудамы аўыллық жерлерден көшип келген адамлар толтырып отырды. Бирақта кейинги жылларда аўыллардан қалаға көшип келиўшилердиң саны кескин дәрежеде кемейди. Бунының айқын дәлийли ретинде базар экономикасына өтиў дәўиринде экономикалық машқала мысал бола алады.

Халықтың аймақ бойынша жайласыўы ҳәм оның тығызлығы халық хожалық тараўларын раўажландырыў ушын әҳмийетли факторлардың бири болып есапланады. Ол узақ даўам еткен қонысласыў ҳәм хожалықтың раўажланыўы менен тығыз байланыслы. Қонысласыў тарийхый, социал-экономикалық ҳәм тәбийий факторлардың өз-ара қарым-қатнасы арқалы болады. Бул факторлардың ишинде социал-экономикалық фактор айрықша рольди атқарады.

**Қонысласыў** - бул кең түсиник болып, оны сыпатлайтуғын бир неше қубылыслардың жыйнағынан турады. Олар халықтың тығызлығы, қала ҳәм аўыл халқының тутатуғын үлеси, жайласыў орынлары, формасы ҳәм территориаллық структурасы ҳ.т.б.

Халықтың тығызлығы - бул илимий әдебиятларда 1 кв км.ге туўра келетуғын адам саны менен белгиленеди (2-кесте).

2-кесте

**Нөкис қаласы халқының тығызлығы**

| Жыллар | Улыўма халық (мың адам) | 1 кв км.ге туўра келетуғын адам |
|---|---|---|
| 1970 | 81,3 | 406,0 |
| 1979 | 122,2 | 611,0 |
| 1985 | 129,0 | 645,0 |
| 1989 | 202,6 | 1093,3 |
| 1996 | 231,8 | 115,9 |
| 2000 | 255,2 | 1227,4 |
| 2004 | 260,2 | 130,1 |
| 2005 | 261,2 | 1232,1 |
| 2008 | 267,0 | 1259,4 |
| 2009 | 268,8 | 1267,9 |
| 2010 | 271,2 | 1279,3 |

Нөкис қаласы Әмиўдәрья дельтасында жайласыўына байланыслы халықтың тығызлығы Қарақалпақстан Республикасы ҳәм бир қанша районларға, қалаларға салыстырғанда әдеўир тығыз.

2010-жылғы статистика мағлыўмат бойынша Нөкис қаласында 1 кв км жерге 1279,3 адамнан туўра келип, бул көрсеткиш Қарақалпақстан Республикасы халқының тығызлығынан 130 есе жоқары деген сөз.

Қаланың халқы 1970-жылы 1 кв км жерге 406 адамды қураған болса, 2010-жылы 1279,3 адамға жеткен. Яғный, анализленген 40 жыл ишинде халықтың тығызлығы 406 адамнан 1279,3 адамға, 3,2 есе өскен. Бул бәринен де бурын қаланың социал-экономикалық раўажланыўы менен байланыслы жүз берген.

## II.2. Нөкис қаласы халқының тәбийий өсим

Халықтың удайы көбейиўи, яғный туўылыўшылық, өлимшилик ҳәм тәбийий өсим көрсеткишлери тийкарында әўладлардың алмасыўы, аймақлардың демографиялық жағдайының тийкарын қурайды. Халықтың удайы көбейиўи нәтийжесинде халықтың саны, жас-жыныс ҳәм шаңарақ қурамы үзиликсиз өзгерип барады. Бул жағдай ҳәр бир аймақта, мәмлекетте белгили бир социал-экономикалық ҳәм демографиялық машқалалардың келип шығыўына себеп болады. Халықтың удайы көбейиў процесси болса өз нәўбетинде, бир қанша социаллық, тәбийий, демографиялық ҳәм экономикалық факторлар менен байланыслы әмелге асады. Сол себебли, халықтың удайы көбейиў процесси жәмийет раўажланыўының ҳәр бир басқышында, белгили нызамлылықларға ийе.

Халықтың турмыс тәризиниң жақсыланыўы, өлимшилик дәрежесиниң кемейиўи, халықтың ден-саўлығын сақлаўды жақсы жолға қойыў, аналық ҳәм балалықты қорғаў бойынша көрилетуғын илажлар халықтың тәбийий өсиўиниң раўажланыўын тәмийинлейди.

Нөкис қаласы өзине тән демографиялық жағдайға ийе қала. Оның демографиялық жағдайы халықтың өсип барыўы, туўылыў, өлим, неке ҳәм ажыралысыў сыяқлы демографиялық процесслерде көринеди

Халықтың тәбийий өсими туўылыўшылық ҳәм өлимшилик айырмасынан келип шығады. Туўылыўшылық ҳәм өлимшилик - бул биологиялық қубылыслар. Туўылыўшылық көрсеткишлери бул бир қанша факторларға байланыслы болады. Бул факторларға өлимшилик дәрежеси, халықтың турмыс дәрежеси, миллий дәстүрлер ҳ.т.б. мысал бола алады.

Нөкис қаласының тәбийий өсим көрсеткишлери менен төмендеги 3-санлы кестеден көриўге болады.

3-кесте

**Нөкис қаласы халқының тәбийий өсим коэффициенти**

| Жыллар | Туўылыўшылық | Өлимшилик | | Тәбийий өсим |
|---|---|---|---|---|
| | | улыўма өлимшилик | 1 жасқа шекемги өлимшилик | |
| 1990 | 40,0 | 6,8 | 263 | 33,2 |
| 1996 | 29,0 | 5,9 | 288 | 18,1 |
| 1997 | 23,3 | 5,2 | 295 | 18,1 |
| 1998 | 22,5 | 5,8 | - | 16,7 |
| 2000 | 17,5 | 5,4 | 235 | 12,1 |
| 2001 | 17,1 | 5,3 | 240 | 11,8 |
| 2002 | 16,8 | 5,4 | 212 | 11,4 |
| 2003 | 15,8 | 5,3 | 223 | 10,5 |
| 2004 | 18,8 | 5,1 | 129 | 13,7 |
| 2005 | 18,3 | 5,8 | 125 | 12,5 |
| 2006 | 20,1 | 5,2 | 105 | 14,9 |
| 2007 | 20,9 | 5,0 | 82 | 15,9 |
| 2008 | 21,6 | 4,8 | 79 | 18,8 |
| 2009 | 22,1 | 4,5 | 120 | 17,6 |

**Кесте Нөкис қаласының социал-экономикалық паспорты мағлыўматлары тийкарында дүзилген.**

Нөкис қаласы халқы туўылыўшылығының eң жоқары дәрежеси 1990 жылларға туўры келип, усы жылларға ҳәр 1000 адамға туўылыўшылық 40 адам ҳәм оннан жоқары болды. Улыўма Өзбекстанның усы жыллардағы туўылышылық коэффицентинен бир қанша жоқары болды. 1990 жылдан кейинги жылларда туўылыўшылық көрсеткиши төменлей баслады. Анализленген жылларда eң төмен көрсеткиш 2003 жылға (15,8 промилле) туўра келип, 1990 жылға салыстырғанда ҳәр 1000 адамға 24,2 адам ға кем туўылған. Туўылыўшылықтың бундай төменлеўи екинши дунья жүзлик кейин бақланбаған еди. 2004-жылдан баслап қала халқының туўылыўшылығы және әсте ақырынлық пенен артып барып 2009-жылы 22,1 промиллеге жетти, яғный 1998-жылдағы көрсеткиш дәрежесине ерисилди. Бул 1980-1990 жыллардағы жүз берген көп туўылыўшылық пенен байланыслы толқын сыяқлы өзгерис болып есапланады.

Туўылыўшылықтың қысқарып барыўы тийкарынан ҳаяллардың билим дәрежеси ҳәм социаллық ислеп шығарыўда бәнтлик дәрежесиниң артып барыўы, шаңарақлардың көп балалы болыўға талабының кемейиўи, жүклиликтиң алдын алыўшы медициналық

қураллар ҳәм олар ҳаққында халықтың билим шеңбериниң кеңейип барыўы менен байланыслы.

Ҳәр бир мәмлекет халқының тәбийий көбейиўи, социал-демографиялық топарлардың жүзеге келиўи халықтың өлимшилиги менен тығыз байланыслы.

Бизге мәлим болғанындай өлимшилик жүдә көп биологиялық ҳәм социаллық факторлардың нәтийжесинде жүз береди. Оларды еки топарға ажыратсы болады:

1)эндоген факторларға, адамның ишки организминиң раўажланыўы менен байланыслы болған факторлар киреди;

2) экзоген факторларды сыртқы орталық пенен байланыслы болған факторлар қурайды.

Эндоген факторлар тәсиринде өлимшилик жағдайлары инсан организми раўажланыўдан тоқтаған дәўирлерде, тийкарынан халықтың кекселик топарында көбирек ушырасады. Халықтың жас топары, жас әўладлары арасында көбинесе сыртқы орталық тәсиринде, яғный халықтың арасында ҳәр қыйлы кеселликлердиң тарқалыўы, ашаршылық, урыс уқсаған ҳәдийселер менен байланыслы жүз береди.

Өлимшиликке тийкарынан халықтың жас қурамы, ден-саўлықты сақлаў ҳәм санитария-эпидемиологиялық хызметтиң жағдайы, халықтың турмыс ҳәм мәдений дәрежеси, адамлардың жасаў ҳәм мийнет ислеў шараяты, медицина жетискенликлери ҳәм оның ҳәммеге теңлиги, аўырыўлардың профилактикасы ҳәм тағы басқа демографиялық факторлар тәсир етеди.

Демографиялық дереклерден ҳәм статистикалық мағлыўматларға қарай өтмиште Қарақалпақстан халқының саламатлығы жүдә жаман аўҳалда болған. Халық арасында өлимшилик жағдайлары жүдә көп ушырасқан, әсиресе балалар ҳәм аналардың өлимшилиги жоқары болған. Өлимшилик балалар арасында қанша жоқары болса, туўылыўшылық та соған байланыслы  жоқары болатуғынлығы нызамлы қубылыс.

Өлимшиликтиң балалар арасында кескин аз болыўы туўылыўшылықтың аз болыўына алып келеди. Бирақ бул жерде ҳәр бир халықтың дәстүрий ҳәм диний турмыс салты да айтарлықтай роль ойнайды. Сондай-ақ, халықтың мәдений, экономикалық ҳәм билим дәрежесиниң өсиўи, қалалардың өсиўи сыяқлы факторлардың да тәсири үлкен болып есапланады.

Қала халқының өлимшилигине келетуғын болсақ 1990-жыллары ҳәр 1000 адамға 6,8 адамнан туўра келип, бул биз анализлеген жыллардағы ең жоқары көрсеткиш болып, ол 1998-жылы, 5,8 адам, 2000-жылы 5,4 адам, 2009-жылы 4,5 адамға шекем кемейген. Өлимшилик коэффициенти туўылыўшылыққа салыстырғанда дерлик бир темпте пәсейип

келген. Өтмиште Қарақалпақстан халқының өлимшилигиниң жоқары дәрежеде болыўы көбинесе экзоген факторлар менен сыпатланады.

Кейинги жылларда өлимшиликтиң кемейиўиниң баслы себеплери, туўылыўшылықтың азайыўы, халықтың турмыс тәризиниң өзгергенлиги ҳәм ден-саўлықты сақлаўда медициналық жәрдемлердиң туўры жолға қойылыўы менен байланыслы.

Кейинги жылларда, әсиресе 2005 жыллардан баслап 1 жасқа шекемги балалардың өлимшилик көрсеткишлери пәсейип барған, 1990-жылы 263 бала өлген болса, 2009-жылы бул көрсеткиш 120 баланы қурады. Коэффициент көринисинде 2009-жылы ҳәр 1000 туўылған гөдектен 20,1 гөдек набыт болған Бул экологиялық жағдайларға байланыслы аналар ҳәм балалар арасында аўырыўшылық түрлериниң көбейгенлиги, генофондтың өзгергенлиги менен характерленеди.

Қаламыздағы өлимшиликтиң баслы себеби Арал теңизи ҳәм оның әтирапындағы экологиялық машқалаға ҳәм ишимлик суўдың патасланыўы, халықтың ден-саўлығы, өтиў дәўириндеги экономикалық қыйыншылықларға байланыслы болып отыр. Балалар арасындағы өлимшиликтиң өсиў пәтин пәсейтиў ушын аналықты ҳәм балалықты қорғаў жумысларын жәнеде раўажландырыў лазым деп ойлайман.

Туўылыўшылық ҳәм өлимшиликтиң айырмасы тәбийий өсимди пайда етеди. Егер туўылыўшылық өлимшиликке қарағанда жоқары болса, халық саны үзликсиз өсип барады, ал егер керисинше болса халық саны жылдан жылға кемейип барады. Бирақ соған қарамастан, бизиң регионымызда тәбийий өсимниң жоқары болыўы менен характерли болып есапланады.

Нөкис қаласында тәбийий өсимниң жоқары дәрежеде болыўы туўылыўшылық коэффициенти менен байланыслы. Ҳәзирги күнде Нөкис қаласының халқы тез пәт пенен өспекте. Халықтың өсиў пәти бул қаламыз халқының материаллық ҳәм мәдений дәрежесиниң жылдан-жылға жақсыланыўын көрсетеди. Усыған сәйкес өндирис күшлери де тез пәт пенен өспекте.

Нөкис қаласы тәбийий өсими 1990-жыллардан кейин пәсейгенлигин көремиз. Тәбийий өсим коэффициентиниң ең жоқары болған дәўири 1990-жылға туўра келип, ең төмени 2003 жылда бақланған (3 есеге кемейген). Бул жылларда Республика халқының тәбийий өсимиде пәс болған еди. 2008-2009 жылларға келип тәбийий өсим коэффициенти бираз көтерилип 1995-1996 жылғы дәрежесине жетти. Тәбийий өсимниң пәсейиўи қала халқының туўылыўшылық дәрежесиниң төменлеўи менен жүз берген.

Кейинги ўақытлардағы туўылыўшылық ҳәм тәбийий өсимник пәсейип кетиўиниң баслы себеби экологиялық жағдайлардың шийеленисиўи ҳәм экономикалық қыйыншылықларға, дағдарысларға байланыслы болып отыр.

## II.3. Қала халқының қурамы

Ҳәр бир регионның туўылыў, тәбийий өсим ҳәм мийнет ресурсларының өсимин алдын-ала болжаў ушын биринши нәўбетте халықтың жас ҳәм жыныс қурамын үйрениўимиз керек болады.

Халықтың жыныслық қурамы үш тийкарғы фактор тәсиринде жүзеге келеди: жаңадан туўылғанлардағы жыныслық салыстырмалылық; өлимдеги жыныслық парқ, халықтың миграциясындағы жыныслық парқ.

Ҳәр бир аймақтың ямаса мәмлекеттиң социал-экономикалық ҳәм демографиялық раўажланыўы халықтың жас қурамы менен байланыслы болады. Халықтың жас топарлары ҳәм демографиялық процесслер өз-ара үзиликсиз байланыслар жағдайында жүзеге келеди. Халықтың қурамында жаслардың (16-29 жас) салмағының жоқарылығы неке ҳәм туўылыў процесслерине унамлы тәсир етеди, балалар (0-14 жас) салмағының көплиги болса мийнет ресурсларының жүзеге келиўинде әҳмийетли фактор саналады. Сондай-ақ халықтың жыныслық ҳәм жас қурамы бир қанша социал-экономикалық бағдарламаларды дүзиўде (мийнет ресурсларын мектепке шекемги жастағы балаларды, напақадағыларды есаплағанда социаллық қорғаў топарларын анықлаўда х.т.б) тийкар болып хызмет қылады.

Қала халқының жас ҳәм жыныс қурамы оның социал-экономикалық раўажланыўын болжаўда үлкен әҳмийетке ийе. Биз Нөкис қаласы халқының жас ҳәм жыныс қурамын анализлегенимизде оның қурамында жаслардың үлесиниң, ал жыныслық қурамы бойынша сәл болса да ҳаял-қызлардың үлесиниң жоқарылығын көремиз (4-кесте).

4-кесте

**Қала халқының жас қурамы**

| Жасы | Улыўма саны | | Процент есабында | |
|---|---|---|---|---|
| | 2004 | 2009 | 2004 | 2009 |
| 0-16 | 88444 | 91416 | 34,2 | 33,7 |
| 16-60 | 154403 | 154338 | 59,9 | 56,9 |
| 60 жастан жоқары жас | 15314 | 25446 | 5,9 | 9,4 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Қала бойынша | 258161 | 271200 | 100 | 100 |

Кестеде мағлыўматларынан 0-16 жасқа шекемгилер 2004-жылы 88444 адам болған болса, 2009-жылы 91416 адамды қураған, яғный сәйкес ҳалда олардың процентлик үлеси 34,2% ҳәм 33,7% болған. Буннан 0-16 жас аралығындағылардың барлық халықтыағы үлеси азырақ болса да пәсейгенлигин көремиз, бул туўылыўшылықтың азайғанлығы менен дәлилленеди. 16-60-жас аралығындағы топарда да усы картина сүўретленип, 60-жастан жоқары категориядағылар арасында өзгерис жүз берген. Ол сәйкес ҳалда 5,9%тен 9,4% ке шекем өскенин көремиз. Бул халықтың орташа өмир көриў жасының узайғанлығы менен дәлилленеди. ки пүткил халықтың 35,6%-ин, 16-59 жастағы ерлер ҳәм 16-54 жас аралығындағы ҳаял-қызлардың саны 149400 адамды яки 56,0%, 54-60 жастан жоқарғылар 22381 адамды яки 8,4% қурайды. Бул қалада пенсия жасындағылардың кемейип, мийнет жасындағылардың өсип баратырғанлығын көрсетеди.

Қаланың жыныс қурамын көретуғын болсақ, ерлер менен ҳаял-қызлар дерлик тең екенлигин көремиз. Ҳаяллар санының жүдә басым келетуғын группасы бул пенсия жасындағылар болып табылады.

5-кесте

| **2004 жыл, (мың адам)** | | | **2009 жыл, (мың адам)** | | | **2004 жыл,%** | | | **2009 жыл,%** | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Барлы-ғы | Ерлер | Ҳаяллар | Барлы-ғы | Ерлер | Ҳаяллар | Барлығы | Ерлер | Ҳаяллар | Барлығы | Ерлер | Ҳаяллар |
| 258,1 | 126,5 | 131,6 | 271,2 | 131,0 | 140,2 | 100 | 49,0 | 51,0 | 100 | 48,3 | 51,7 |

Бул кестеден қала халқы қурамында ҳаяллардың салмағының аз болса да үстем екенлиги көринеди. Буннан жумыс орынларын жүзеге келиўин режелестиргенде ҳаялларға тән жумыс орынларын ашыў кереклиги мәлим болады.

Нөкис қаласында 100-ге шамалас миллет ўәкиллери жасамақта. Булар тийкарынан қарақалпақ, өзбек, қазақ, рус, татар ҳ.т.б. миллети ўәкиллери.

Нөкис қаласы халқының миллий қурамы Қарақалпақстан Республикасы миллий қурамы менен салыстырғанда бир қанша өзгешеликлерге ийе. 1989-2009-жыллар аралығында яки өткен 20 жыл даўамында қарақалпақлар 70900 адамға өскен. Өзбек миллети ўәкиллери 25700 адамға, түркменлер 2400 адамға, татарлар 5800, корейцлер 3500 адамға, украинлар 1000 адамға артқан. Қазақ миллети ўәкиллери сол 60000 адам есабында турақлы сақланған (6-кесте).

6-кесте

**Нөкис қаласы халқының миллий қурамы**

| | 1989-ж. | | 2009-ж. | |
|---|---|---|---|---|
| | халық саны (мың адам есаб-да) | % | Халық саны (мың адам есаб-да) | % |
| Улыўма халық | 200,3 | 100 | 271,2 | 100,0 |
| Қарақалпақ | 101,2 | 50,5 | 126,9 | 46,8 |
| Өзбек | 14,5 | 7,9 | 33,6 | 12,4 |
| Қазақ | 60,0 | 29,8 | 60,0 | 22,1 |
| Түркмен | 0,8 | 0,4 | 3,2 | 1,2 |
| Рус | 12,1 | 6,0 | 18,2 | 6,7 |
| Татар | 3,1 | 1,6 | 8,9 | 3,3 |
| Кореец | 4,9 | 2,5 | 8,4 | 3,1 |
| Украин | 1,2 | 0,6 | 2,2 | 0,8 |
| Басқалар | 2,3 | 1,1 | 9,8 | 3,6 |

Халықтың миллий қурамының бундай көриниске ийе болыўы қалада ҳәр қыйлы миллет ўәкиллериниң турақлы жасаў шараятына ийе екенлигинен дәлил болады.

## II.4. Нөкис қаласы мийнет ресурслары

Өндирис қураллары ҳәм исши күши жәмийеттиң өндириўши күшлерин қурайды. Бул жерде исши күши өндириўши күшлердиң субъектив элементи болып, оның роли өндиристе оғада үлкен. Исши күшисиз қандай дәрежеде раўажланған ҳәзирги заман техникалары да жансыз металлар топламына айланады. Мийнет ресурсларның тийкарғы бөлимин халықтың мийнетке жарамлы жастағы бөлими қурайды.

Мийнет ресурсларына баҳа бериў демографияның әҳмийетли тараўларынан бири есапланады. «Мийнет ресурс»лары түсиниги мәнисине қарай бир-бирине жақын келетуғын бир неше түсиниклерден ибарат. Г.С.Вечканов ҳәм Г.Р.Вечкановалар мийнет ресурсларын мийнетти физикалық ҳәм ақлый уқыплылғы менен тири тасыўшылар сыпатында қарайды. Олардың пикиринше «мийнет ресурслары» оларды жасаў ушын экономикалық қатнас, мийнет процессиндеги ҳәрекетлер ҳәм адамзат искерлигиниң басқада сфераларында хызмети сыпатында көриў керек.

Көплеген илимпазлардың пикиринше, мийнет ресурслары- бул мийнет ислеў қәбилиетине ийе жастағы ҳәм сол жастан үлкен және киши жастағы жумыс ислеп атырған адамлар жыйындысы түсиниледи. Соның менен бирге «мийнет ресурслары» айырым жағдайларда халықтың мийнет ислеў уқыплылығына ийе, жәмийетлик өндиристе бәнт,

сондай-ақ заҳирадағы (оқыўшылар, жумыссызлар, студентлер) адамлардан да ибарат болады.

Демек мийнет ресурслары - бул адамшылық жәмийеттиң баслы өндириўши күши болып табылады. Мийнет ресурсларының саны ҳәм өсиў динамикасы, қәнийгелик ҳәм билим дәрежеси мәмлекет халық хожалығын раўажландырыўдың ең баслы факторларынан есапланады. Мийнет ресурсларына мийнетке жарамлы 16-59 жас аралығындағы ерлер, 16-54 жас аралығындағы ҳаял-қызлар киреди. Сондай-ақ мийнет ислеў уқыбына ийе пенсионерлер ҳәм айырым ўақытлары 14-16 жас аралығындағы жас өспиримлер мийнет ресурслары қатарына киргизиледи.

Нөкис қаласының мийнет ресурсларының артып барыўы республикамызға характерли болған тийкарғы улыўмалық нызамлар менен байланыслы. Усылардың ишиндеги ең әҳмийетлеринен бири мийнет пенен толық бәнт болыўы ҳәм мийнетке жарамлы адамлардың мийнет активлигиниң жоқары болыўы болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасында мийнет ресурсларының жоқары пәт пенен өсиўи бир жағынан қолайлы жағдайлар туўдырса, екинши жағынан оларды жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм қәнийгели кадрлар менен тәмийинлеў машқаласы туўылады.

Усындай жағдай Нөкис қаласында да жүз бермекте. Ҳәзирги ўақытта усындай Нөкис қаласындағы мийнет ресурслары менен байланыслы келип шығып атырған машқалаларды шешиўге үлкен дыққат аўдарылмақта.

Нөкис қаласы халқының жоқары дәрежеде өсиўи, оларды жумыс пенен тәмийинлеў бүгинги күнниң үлкен ўазыйпасы есапланады. Мийнетке жарамлы жастағы адамлардың жумыс пенен бәнт болыўы, қурамы экономиканың раўажланыўына, мйинет ресурсларынан рациональ пайдаланыўына өз тәсирин тийгизип отырады.

Соңғы жыллардағы елимизде болып атырған өзгерислер Нөкис қаласының мийнетке жарамлы жастағы адамларды жумыс пенен тәмийинлеўинде өзине жараса машқалаларды келтирип шығармақта. Мысалы, 2009-жылғы статистикалық мағлыўмат бойынша қалада 154,3 мың адам мийнетке жарамлы жастағы халық болып, соннан 104,5 мың мийнет ресурслары болып есапланады. Жумыссызлар саны 7509 адамнан ибарат.

Нөкис қаласында мийнетке жарамлы жастағылардың 52,5%-и қала хожалығында жумыс пенен бәнт. Өткен жыллар ишинде қала хожалығының тараўлары бойынша айырымларында ислеўшилер саны өскен болса, айырым тараўларында кемейген (7-кесте).

7-кесте

**Нөкис қаласы халық хожалық тараўларында бәнт болған адамлар динамикасы (киши кәрханалардан басқа)**

| Тараўлар | 2000 | 2001 | 2005 | 2007 | 2008 | 2009 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Халық хожалығында жәми | 54161 | 51927 | 48748 | 42149 | 42397 | 42280 |
| Усыннан: | | | | | | |
| Санатта | 6022 | 5501 | 4234 | 3467 | 3519 | 3303 |
| Аўыл-хожалығында | 1969 | 2224 | 2211 | 2129 | 2110 | 1137 |
| Тоғай хожалығында | 5465 | 162 | 155 | 125 | 121 | 114 |
| Транспорт ҳәм байланыс | 3284 | 2815 | 3503 | 1759 | 1660 | 1425 |
| Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў | 1933 | 1796 | 1820 | 657 | 635 | 764 |
| Үй-жай, қурылыс, халыққа хызмет көрсетиў тараўлары | 3876 | 3354 | 3562 | 5561 | 5832 | 5266 |
| Ден-саўлықты сақлаў, мәдeният, искусство, илим ҳәм физкультура | 27117 | 27151 | 22246 | 22610 | 22635 | 22891 |
| Финанс ҳәм кредит | 1058 | 1087 | 1069 | 993 | 1055 | 1328 |
| Басқарыўда | 4751 | 4640 | 4536 | 3391 | 3379 | 3691 |
| Басқа тараўларда | 4023 | 2197 | 5422 | 2017 | 2561 | 2361 |

Кесте мағлыўматларынан көрип турғанымыздай 2009-жылы халық хожалық тараўларында 42280 адам бәнт болған. Тараўлар бойынша жумыс пенен бәнт адамлардың санының көплиги бойынша ден-саўлықты сақлаў, мәдeният, искусство, илим ҳәм физкультура тараўлары алды да турып, оларда ислеўшилер саны 22891 адамды қурайды, яғный барлық бәнт болғанлардың 54,1%-и усы тараўға туўра келеди. Бул тараўда ислеўшилердиң жылдан-жылға өсип барыўының тийкарғы себеби, мәмлекетимизде алып барылып атырған социаллық сиясатлар ҳәм президентимиздиң пәрманларына сәйкес социаллық тараўлардың раўажланыўына күшли итибар берилмекте.

Сондай-ақ санаат, қурылыс, транспорт ҳәм байланыс, саўда ҳәм улыўма аўқатланыў тараўларында ислеўшилер саны жылдан-жылға кемейип бармақта. Буның айқын себеби базар экономикасына өтиў дәўиринде қаладағы кәрханалардың толық циклде ислей алмаўлары, экономикалық қыйыншылықларға ҳәм бәсекеге (конкуренция) байланыслы деп ойлайман.

Мийнетти қорғаўға тийисли нызам шығарыў ҳәм басқа норматив актлер тийкарында ҳәрекет қылатуғын социал-экономикалық түрде уйымластырыў техник санитария-гигиеник емлеў, профилактик иләжлардың мийнет процессинде адамның қәўипсизлигиниң, ден-саўлығының ҳәм жумыс қәбилетиниң сақланыўын тәмийинлейтуғын иләжлар системасы болып табылады. Мийнетти қорғаў тармағында мийнеткешлердиң ден-саўлығын сақлаў, қәўипсиз жумыс шараятларын жаратып бериў ҳәм ишки кеселликлерди жоқ қылыў Өзбекстан Республикасы ҳүкиметиниң тийкарғы ғамхорлықларынан бири болып табылады.

Мийнет нызамлары кодексине ҳаяллар мийнети коллективлик шәртнама ис ўақты жумыс ҳақы мийнетти қорғаў тармағында ҳәм басқада мәселелер шөлкемлестирилген. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 9-ноябрь 1994-жыл 538-санлы қарарына тийкарланып кәрханаларда мийнетти қорғаў мәмлекет басқарыўына өткизиледи ҳәм бул мәселеде бас жуўапкер етип мийнет ўәзирлиги таярланды.

Нөкис қаласы халқының жоқары дәрежеде өсиўи, оларды жумыс пенен тәмийинлеў бүгинги күнниң үлкен ўазыйпасы есапланады. Мийнетке жарамлы жастағы адамлардың жумыс пенен бәнт болыўы, курамы экономиканың раўажланыўына, мийнет ресурсларынан рациональ пайдаланыўына өз тәсирин тийгизип отырады.

Соңғы жыллардағы елимизде болып атырған өзгерислер Нөкис қаласының мийнетке жарамлы жастағы адамларды жумыс пенен тәмийинлеўинде өзине жараса машқалаларды келтирип шығармақта.

## II.5. Қала халқының миграциясы

Миграция сөзи латын тилинен (migratio) алынып, бир жерден екинши жерге көшиўди аңлатады. Сыртқы ҳәм ишки миграция болып бөлинеди. Бир ўәлаяттан екинши ўәлаятқа, бир қаладан екинши қалаға, аўылдан қалаға, яки керисинше қаладан аўылға көшиўи ишки миграцияға жатады.

Адамлар өзлериниң уқыбына ҳәм өзиниң ерекше айрықшалығына жоқарырақ жуўап беретуғын жумыс табыўға, билим алыўға, қәнигелик ийелеўге умтылады. Ал, айырымлары болса шаңарақ жағдайы бойынша ҳәм жеке себеплер менен жасайтуғын орнын өзгертеди. Сонлықтан халық миграциясы нызамлы қубылыс.

Халық санының өсиў динамикасында халықтың тәбийий көбейиўи менен бирге оған механикалық ҳәрекет, яғный миграция айтарлықтай тәсир жасайды. Миграция балансының унамлы ҳәм унамсыз болыўына байланыслы халық санының механикалық өсимин көриўге болады. Егер анализлеп атырған территорияға көшип келиўшилер саны көшип кетиўшилерге қарағанда көп болса онда механикалық өсим унамлы болады ҳәм улыўма халық санының тезирек көбейиўине себепши болады.

Миграция еки түрли болады. Сыртқы узақ мүддетли ямаса биротала көшип кетиў, мәўсимлик миграция ҳәм соңғы ўақытта маятникли миграция көп қолланылмақта. Маятникли миграция дегенимиз халықтың бир орнынан екинши орынға көшип қоныслаўы емес, ал күнделикли қарым қатнас ҳаққында сөз жүргизиледи. Бул процесс, әсиресе қала халқының тез өсиўи үлкен қалалардың пайда болыўы ҳәм илимий-

техникалық прогресстиң тез пәт пенен алға илгерилеў дәўиринде айқын көзге түсетуғын болды.

Көшиўдиң себеплери ҳәр қыйлы болыўы мүмкин. Өндириўши күшлердиң раўажланыўына байланыслы елдиң айырым аймақлары арасында, районлар, аўыллық ҳәм қалалық елатлардың ҳәр қыйлы типлери арасында халықтың санын улыўма қайта бөлистириўге алып келеди. Бундай жағдайда халықтың көшиўин жобаластырып шөлкемлескен түрде тәмийин етиў мүмкин. Өз бетинше көшип қоныс аўдарыўшылар болады. Биз билемиз, өндириўши күшлерди жайластырыўға байланыслы бизиң Қарақалпақстанның ҳәр қыйлы районларында жаңа қалалар пайда болып, олар әҳмийетли санаат, административлик орайларға айланды.

Өндириўши күшлердиң раўажланыўы қала халқының санының көбейиўине алып келди , қала ҳәм аўыллардың келбети түптен өзгерип кетти, қалалар өсип шықты, ири абат типиндеги поселкалар жүзеге шықты. Буны биз өзимиздиң Қарақалпақстанның мысалында көре аламыз. Республикада дәслеп тек ғана Төрткүл, Хожели, Шымбай қалалары ғана болған болса, ҳәзир бизиң республикамызда 7 қала, районларға бойсыныўшы 5 қала, ал булардан басқада 26 қалаша бар. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан халқының дерлик 50,3%и қалаларда жасайды.

Халықтың миграциясы ислеп шығарыўшы күшлердиң раўажланыўына байланыслы болады. Миграцияны изертлеў мийнет ресурсларының қозғалыўшылығын изертлеў деп түсиникке де ийе. Халық миграциясының нызамлылығы материаллық байлықты ислеп шығарыў ҳәм басқа да көп факторлар менен анықланады. Жасаў орнын өзгертиўшилердиң миграцияларының бир неше формалары бар. Олардың ең баслылары:

1. Мийнет ресурслары миграциясы;
2. Семьялық миграция;
3. Оқыў миграциясы.

Бул формалардың ҳәр қайсысы өзине тән өзгешеликлерине ийе. Мысалы: 1) мийнет ресурсларының (мийнетке жарамлы жастағылар) орнын өзгертиўи, бул жаңадан өзлестирилип атырған районларға жаңа қурылыс орынларына көшиўи.

2) Семьялық миграция. Бул басқа жақтанкелгенлерге, күйеўге шығып ямаса үйленип таза семьялардың дүзилиўи ҳәм туўысқан, ағайын, қудалардың қатнасы.

3) Оқыў миграциясы. Бул жаслардың оқыў орынларына аўылдан, киши қалалардан орташа ҳәм үлкен қалаларға келиўи.

Миграцияның биринши, екинши формаларында халықтың көшиўи стимулы ретинде өзлериниң материаллық жағдайын жақсылаўға талпыныў болып табылады.

Бирақ, бул жағдайларда миграцияланыўшы халықтың көшип барған жерлерине бийимлесиўи баслы орынды ийелейди.

Миграцияланған халықтың барған жерине бийимлесиўи көшип келген районларынан жақсы болыўына байланыслы. Жоқарыда айтылған сөзлерди дәлиллеў ушын Қарақалпақстан Республикасы ишиндеги ҳәм республикалар аралық халықтың миграция процессин көрип өтемиз.

Қарақалпақстан Республикасы көп онлаған жыллар даўамында республика аралық алмасыўы унамлы сальдолы регионлар қатарына кирди. Бирақ, сыртқы миграцияда, яғный келиўшилер ҳәм кетиўшилердиң саны тең болып турды.

Республика халқының миграциясында өзине тән унамлы ҳәм унамсыз жақлары да ушырасады. Бирақ, бундай миграцияның интенсивлигиниң күшейиўи нызамлы ҳәм прогрессив қубылыс. Бул халық санының көбейиўинде ҳәм демографиялық структураның пайда болыўында үлкен роль ойнайды. Өз гезегинде халықтың жас структурасы демографиялық процесслерге ҳәм улыўма республиканың социал-экономикалық раўажланыўына тәсирин тийгизеди. Себеби, халықтың жас структурасы оның мийнетке жарамлы адамлар контингентин белгилейди, яғный халықтың экономикалық активлик дәрежесин көрсетеди.

Республикамызда кейинги жыллары республика аралық миграциядан республика ишиндеги миграция басым келип тур. Бул миграция процессиниң республикамыздың халқының өзи үйренген орталығында болып атырғанлығын көрсетеди. Ишки аймақлық қозғалыс ҳәрекетиниң басым болыўында көшип келген жериниң негизги отырықшы халқының миллий дәстүрлериниң жақынлығы, көшип кеткен жериниң онша алыс емеслиги, турмыс шараятларының сәйкеслиги белгили дәрежеде роль атқарады.

Сонлықтан, аўылда жасаўшы халықлардың арасында қозғалыўшылардың ҳәрекети аз болады. Бирақ, кейинги жыллары экологиялық жағдайлардың қыйынласыўына байланыслы аўыллардан қалаға ҳәм республикамыздың сыртына көплеп адамлар көшип кетти. Мысалы: Мойнақтан, Шымбайдан, Хожелиден, Тақыятастан, Тахтакөпирден ҳәм тағы басқа елатлы пунктлерден халықтың тийкарынан республикамыз пайтахты Нөкис қаласына ҳәм басқа ўәлаятларға, ҳәттеки басқа республикаларға көшиў процесси байқалмақта.

Ҳәзирги миграцияның барысы түрлише болып баратыр. Нөкис қаласында миграциялық ҳәрекетлерди Қарақалпақстан Республикасы, Өзбекстан масштабында ҳәм республикалар аралығында көрип өтсек болады.

Нөкис қаласы халқының Өзбекстан ишиндеги миграциялық ҳәрекети бойынша 1991 жылы келгенлер – 4298 адамды, кеткенлер – 4391 адамды қураған. Усыннан Қарақалпақстан ишинде миграция ҳәрекетиниң 3805 адамын келгенлер қурайды. 2005 жылы Нөкис қаласы бойынша Өзбекстан ўәлаятларынан келгенлердиң саны 304 адамды, Қарақалпақстан ишинен келгенлердиң саны 2343 адам болған.

Миграция процессинде шаңарақлы болмағанлар менен киши шаңарақлар арасындағы миграциялар көп ушырасады. Бирақ, тийкарғы миллеттен басқаларының арасында шаңарағының барлық қурамы менен көшиў жағдайы басым болады. Мысалға, 2005 жылы Нөкис қаласынан көшип кетиўшилер 3668 адамды қурады. Нөкис қаласынан Қарақалпақстан ишиндеги миграцияға қатнасыўшы көшип кеткенлер саны 1827 адам болды. Аўқамлас республикаларға Нөкис қаласынан көшип кетиўшилер саны 1276 адам. Қарақалпақстан ишиндеги миграцияға тек көбинесе жергиликли миллетлер қатнасады. Сыртқы миграцияға жергиликли емес миллетлерден кетиўшилер көп болып, олар шаңарағы менен көшиў жағдайы қолайлы.

Миграциялық ҳәрекетшеңликтиң көрсеткиши ретинде ең баслы орынларды мигрантлардың билим ҳәм қәнигелик дәрежеси болады. Себеби, мигрантлардың билим ҳәм қәнигелик дәрежеси қанша жоқары болса, көшиў орынларын таңлаў ҳәрекетшеңлиги сонша жоқары болып келеди. Усыны атап өтиўимиз керек, ең баслы миграция жасаўшылар бул орта мағлыўматлы жаслар, ал миграцияға кетиўдеги баслы мақсети оқыў ҳәм өз квалификациясын көтериў болып табылады.

Қалада қосымша жумыс орынларының бар болыўына байланыслы аўылдан қалаға көшиў себеплери болады. Жумыс орынларына мүтәжлик миграция ҳәрекетин қалаға қарай бағдарлады. Индустриализация жағдайы мигрантлардың жас ҳәм жыныс структурасында ҳәм билим дәрежесиниң жоқары болыўына тәсирин көрсетти. Миграцияланыўшылардың көпшилиги жаслар контингентин қурайды. Улыўма жасаўшы халықтан миграцияға қатнасыўшы халық өзиниң жоқары мағлыўматлылығы, қәнигелик дәрежеси, өзине тән ҳәрекетшеңлиги менен ажыралып турады.

Қарақалпақстанда ҳәм Нөкис қаласында механикалық өсимде унамлы сальдолар саны азайып, унамсыз сальдо көрсеткишлерине қарамастан халықтың көбейиўи байқалады. Халық санының көбейиўи ҳәм структурасындағы өзгерислерге социал-экономикалық жағдайлар тәсир тийгизеди.

Халық хожалығы тараўларында прогрессив өзгерислер яғный, санааттың, мәдениятттың, илимниң, халыққа хызмет көрсетиў тараўларының раўажланыўы халықтың социаллық структурасына өзгерислер алып келди ҳәм көшип келиўшилер санының

көбейип барыўына себеп болды. Көшип келиўшилер халықтың миллий қурамының қурамаласыўына алып келди.

Нөкис қаласында маятникли миграция орын алған, яғный белгили бир қала халқы күнде 10-15 км радиуста Нөкис қаласына жумысқа шығып турады. Санаат кәрханаларының көпшилиги қала сыртындағы «Кирпич завод» санаат зонасында жайласқан ҳәм жоқарыда айтылған қала халқы күнде маятник мийнет сапарларына арнаўлы транспорт жәрдеминде қатнап турады.

Нөкис қаласы халқының көбейиўи тәбийий өсимниң ҳәм туўылыўшылықтың жоқары болыўына байланыслы деп көрсеткен едик. Ал негизинен Нөкис қаласы миграция есабынан көбейген қала. Кишкене бир Нөкис аўылында миграциялық процесслердиң күшейиўи – республика пайтахтының усы жерге өзгертилиўи менен тиккелей байланыслы. Нөкиске аўыллардан ҳәм аўқамлас республикалардан бир неше адамлар көшип келе баслады.

Халық санының өсиў динамикасында халықтың тәбийий өсиминиң көбейиўи менен бирге оның механикалық ҳәрекети, яғный миграция процесси де айтарлықтай тәсир жасайды (8-кесте).

8-кесте

**Нөкис қаласы халқының миграциясы**

| Көрсеткишлер | 1970 | 1979 | 1989 | 1991 | 1996 | 2001 | 2002 | 2003 | 2006 | 2008 | 2009 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Улыўма халық саны (мың адам) | 81,3 | 12,2 | 202,6 | 213,0 | 231,8 | 255,4 | 259,5 | 260,2 | 261,9 | 267,0 | 271,2 |
| Келиўшилер | 3625 | 5102 | 7147 | 6392 | 2789 | 4169 | 7743 | 3103 | 1500 | 15000 | 13800 |
| Кетиўшилер | 2668 | 3260 | 6240 | 6537 | 3867 | 4390 | 7401 | 7225 | 2430 | 22600 | 22400 |
| Миграция сальдосы | 956 | 1992 | 907 | -195 | -1078 | -221 | 342 | -4122 | -930 | -7600 | -8600 |

8-кестедеги статистик мағлыўматларды анализлей отырып, қаладан көшип кетиўшилердиң саны 1989-жылдан кейин басланған, яғный сол дәўирден баслап миграция сальдосы кери болып, ол 2009 жылда ең жоқары шегине жеткенин көремиз. 1970-жылы Нөкис қаласының халқы механикалық өсим тийкарында да өсип отырған, бул жыллары миграция сальдосы оң болыўының баслы себеплери Нөкис қаласының ҳәр тәреплеме социаллық ҳәм экономикалық раўажланыўы айқын мысал бола алады. Кестеден көринип тур 1991-жылдан баслап миграция сальдосы кери көрсеткишке ийе. Буның баслы себеплеринен бири үлкемиздеги экологиялық жағдай ҳәм Бурынғы Аўқам ыдырап

кеткеннен соң рус, украин, қазақ ҳ.т.б. миллет ўәкиллери өзиниң ата журтына қайта көшип кетиўлери айқын мысал бола алады.

# III БАП. НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ

## III.1. Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыў бағдарларына сыпатлама

Нөкис Өзбекстан Республикасы қалалары арасында жас қалалар қатарына киреди. Ол XX әсирдиң 30-жылларында пайда болды, өсти ҳәм раўажланды. 1932-жылы 1-апрельден баслап Қарақалпақстан Республикасының пайтахтына айланды. Нөкис Республикамыздың дәл орталығында болып, басқа районлар ҳәм ҒМДА қалалары менен транспорт бойынша байланысыўына қолайлы орында жайласқан. Нөкис қысқа ўақыттың ишинде кишигирим қаладан Қарақалпақстанның ҳәзирги ири санаат, мәденият ҳәм илим орайына айланды.

Екинши дүнья жүзилик урыс Қарақалпақстан ҳәм Нөкис қаласының раўажланыўына бираз иркилис жасады. Нөкис қаласы урыстан кейинги жылларда тез өсип кете алмады, себеби төмендеги машқалалар кесент берди.

- Санаат кәрханаларында кадрлардың жетиспеўшилиги ҳәм аўыл жасларының билим дәрежесиниң төмен болыўы.
- Өндирис орынлары ушын шийки заттың, аўысық бөлеклердиң жетиспеўшилиги ҳ.т.б. тәсиринде.

Бул қыйыншылықларға қарамастан Қарақалпақстан республикасы, әсиресе Нөкис қаласы тез пәт пенен өсти. Көплеген санаат кәрханалары жергиликли шийки зат дереклерине қаратылды ҳәм халыққа керекли тутыныў буйымларын ислеп шығарыў кәрханалары раўажланды. Усындай ғалаба халықтың көтерилиўи нәтийжесинде өндирис күшлериниң алға илгерлеўи, Нөкис қаласының үлкен өндирис ҳәм мәдений орайына айланды ҳәм улыўма республика экономикалық жақтан беккемленди.

Нөкистиң ҳәр тәреплеме раўажланыўына Чаржаў-Қоңырат темир жолының салынып питиўи, Бухара-Урал ҳәм Орта Азия-Орай газ қубырларының иске түсиўи, Тахиатас ТЭЦ-иниң иске түсиўи, ол арқалы темир жол ҳәм автомобиль жолларының өтиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасының административлик сиясий, мәдений ҳәм илим орайы Нөкис Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде жайласқан Үргенч ҳәм Ташаўыз қалаларына уқсап ҳәр тәреплеме раўажланып баратырған қала. Оның халық хожалығында қурылыс, санаат ҳәм транспорт әҳмийетли

орынды ийелейди. Нөкис қаласы Республикамыздағы ири индустриал орайлардың бири. Қоңсылас Ташаўыз ҳәм Үргенч қалаларында тийкарынан жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының тараўлары баслы ролди ийелеп келген болса, ал Нөкисте аўыр ҳәм жеңил санааттың раўажланыўына әҳмийет берилген. Нөкисте бир қанша санаат объектлери болған металл үскенелерин ремонтлаў, ири қурылыс кәрханалары, үй қурыў комбинаты, энергетика хожалығы, сүт-май заводы, гөш-май комбинаты, ун тартыў комбинаты ҳәм нан комбинаты ҳ.т.б. жумыс ислейди.

Нөкис қаласының өсип раўажланыўында транспорт әҳмийетли орынды ийелейди. Автомобиль, темир ҳәм ҳаўа транспорт түрлериниң раўажланыўы республиканың барлық районларын байланыстырыўға кең мүмкиншилик берди. Нөкисте жаңадан темир жол станциясы ҳәм аэропорт салынды. Мәдeният орайы болған Нөкис қаласында билимлендириў дәрежесин белгилеўши дәлиллер, жоқары ҳәм орта арнаўлы (лицей, колледж ҳәм т.б.) оқыў орынлары ашылды.

Өткинши дәўирдиң қыйыншылықларына қарамастан қала өзиниң гүллениўине ийе болып атыр. Базар экономикасының принциплери менен бир қатарда бүгинги экологиялық машқалалар жәмийеттиң социаллық ҳәм экономикалық жағдайларына өз тәсирин тийгизбекте. Жәмийеттиң социаллық тараўлары бойынша пайда болған мәселелерге Өзбекстан республикасы өз жәрдемлерин көрсетип атыр. Соңғы жылларда Қарақалпақстан территориясында ири санаат кәрханалары (Қоңырат сода заводы, Элтекс ҳәм Катекс) қурылды.

Нөкис қаласының социал-экономикалық жағдайларын жақсылаў мақсетинде қалада ҳәр қыйлы өндирис объектлерин қурыў үлкен әҳмийетке ийе болды. 1991-2000-жыллары социаллық тараўда үлкен сапалы өзгерислер иске асырылды. Түйемойын магистралы Қарақалпақстанның аўылларына 1717,3 км.лик хожалық аралық суў қубырлары тармақлары өткизилди. Халықтың суўға болған мүтәжлигиниң 93%-ин қанаатландырады. Нөкисте усы жыллары 16,3 км канализация тараўы кеңейтилди ҳәм 3106,2 км.лик газ тармақлары өткизилди. Нөкис қаласына газ тармақлары арқалы тәбийий газ жетистирип бериў 100%-ке жеткизилди. 1985-1986-жыллар ишинде қурылған көплеген санаат кәрханалары пайдаланыўға берилген еди. Усыннан бурынғы аз муғдарда ислеп турған ремонтлаў кәрханалары ҳәзирге келип қәнийгелескен үлкен кәрхана болып ашылды. Киши ағаш устаханаларынан үлкен Нөкис мебель фабрикасы болып қәлиплести ҳәм жаңа ун заводы иске түсти. Қаланың ишинде 60 өндирис, 18 транспорт ҳәм 64 қурылыс кәрханалары қурылды. Солар менен бир қатарда 192 қурылыс, 400 саўда-сатық, жәнеде 144 ҳ.т.б. объектлер қурылған.

Халықтың материаллық абаданлығын арттырыўда жәмийетлик тутыныў фонды - социаллық тәмийинлеў, халыққа медициналық хызмет көрсетиў, халық билимлендириў ҳәм басқа тараўлар ең әҳмийетли роль атқарады.

Нөкис ири транспорт қатнасының орайы. Жолаўшыларға үлгили хызмет көрсетиў, халық хожалық жүклерин тасыў жумыслары Нөкис транспорт кәрханаларына жүкленген. Жолаўшыларды Нөкис-Ташкент, Нөкис-Самарқанд, Нөкис-Бухара, Нөкис-Үргенч, Нөкис-Алма-ата ҳ.т.б. қалалар аралық маршрутлар бойынша жөнелислер жолға қойылған. Нөкис темир жол вокзалы қайта реконструкцияланып, Ташкент, Самарқанд, Алма-ата, Саратов, Санкт-Петербург ҳәм район аралық жөнелислер бойынша халыққа хызмет көрсетпекте.

Нөкис аэропорты арқалы Ташкент, Алма-ата, Москва қалалары менен ҳаўа жоллары арқалы байланысады.

Улыўмаластырып айтқанда, Нөкис қаласы өзиниң раўажланыў этапларында халықтың социал-экономикалық раўажланыўының баслы өзгешеликлерин қамтыйды. Ғәрезсизлик ҳәм базар экономикасы дәўиринде де республикамыздың экономикасында өзиниң функциясын жәнеде беккемледи.

## III.2. Нөкис қаласының функциялары

Нөкис қаласы Қарақалпақстанның қолайлы транспорт-экономикалық узелинде жайласып Республиканың экономикалық потенциалында жоқары салыстырмалы үлести ийелейди. Нөкис қаласында халық хожалығы тараўларын раўажландырыў ерте ўақытлардан баслады. Бирақ Қарақалпақстанның экономикалық раўажланыўына сәйкес тенденциялар Нөкис қаласының экономикалық раўажланыўына да күшли тосқынлық жасады. Қаланың тийкарғы санаат тараўлары аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеў менен шуғулланады. Ал, аўыр санаат тараўлары көп жыллар даўамында раўажланыў мүмкиншилигине ийе болмады.

Нөкис қаласының санаат комплексиниң қәлиплсеиўинде ең баслы этап 1952 жылдан кейин басланады. Чаржаў-Тахиаташ-Қоңырат темир-жол линиясының иске түсиўи менен аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығаратуғын тараўлар менен бир қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын тараўларын ҳәм т. б. илажлар қалада санааттың ҳәзирги ислеп турған санаат тараўларын раўажландырыўға жол ашты.

Қалада 6 ири санаат кәрханасы ҳәрекет етпекте. Соннан 5 иўи мәмлекетлик емес кәрхана болып, олардың ислеп шығарып атырған өним көлеминдеги үлеси мудамы артып бармақта. Санаат кәрханаларында ислеп шығылған өним көлеми 2009-жылы 94,1 млрд сумды қурады (9-кесте).

9-кесте

**Нөкис қаласының санаат тараўларының көрсеткишлери**

| Көрсеткишлер | 2008 жыл | 2009 жыл |
|---|---|---|
| Ири кәрханалар саны | 6 | 6 |
| Соннан мәмлекетлик емес түрдеги кәрханалар | 5 | 5 |
| Өним көлеми (млн. сум) | 90918,9 | 94119,8 |
| Өткен жылға салыстырғанда өсим пәти (%) | 126,3 | 103,5 |
| Соннан: халық тутыныў буйымларын ислеп шығарыў көлеми (млн.сум) | 51307,2 | 51500,6 |
| Өткен жылға салыстырғанда өсим пәти (%) | 108,1 | 100,4 |
| Мәмлекетлик емес кәрханалардың өним көлеми (млн. сум) | 65671,1 | 67250,0 |
| Орташа жыллық есапта санааттағы жумысшылар саны | 3551 | 3303 |
| Солардан мәмлекетлик емес кәрханалардағы жумысшылар саны (адам) | 2380 | 2192 |
| Санаат кәрханаларындағы пайда (млн.сум) | 5258,8 | 13551,4 |

Кесте Нөкис қаласы статистика бөлими мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Егер санаат кәрханаларының өним көлеми 1997-жылда 2 миллиард 725 млн сумды, 2001-жылы 10 млрд 625 млн сумды, қураған болса, 2009 жылы 94119,8 млн сумды қурады. Өсиў пәти әдеўир жоқары болған. Санаат өнимлериниң көпшилик муғдары мәмлекетлик емес кәрханалардың үлесине келетуғынлығында айтп өтиўимиз керек.

Қала санааты кәрханаларының экспорт-импорт операцияларының көлеми жыл сайын көбеймекте. Тийкарынан түрли санаат ҳәм азық-аўқат өнимлери эспортқа жөнетилсе, машина ҳәм әсбап-үскенелер, химия талшығы ҳәм жип ийириў, азық-аўқат өнимлери, қара ҳәм реңли металлар, басқа ҳәр қыйлы жоқары сапалы өнимлер импортқа жибериледи.

Қала қурылыс комплексинде 6 ири қурылыс кәрханалары жумыс алып бармақта. Өткен жылдың өзинде 122500 кв.метр турақ жай, 3,2 км газ тармақлары, 17 км суў тармақлары, жаңа қурылыс есабынан 1 балалар спорт комплекси, капитал-реконструкция есабынан 1659 оқыўшы орынлық 3 улыўма билим бериўши мектеп, туберкулез кеселлигине қарсы республика балалар санаториясы пайдаланыўға тапсырылды (10-кесте).

**10-кесте**

**Нөкис қаласындағы капитал қурылыс кәрханалары**

| Көрсеткишлер | 2008 жыл | 2009 жыл | 2009 жыл % 2008 жылға |
|---|---|---|---|
| **Ири қурылыс кәрханалары** – жәми | 7 | 7 | 100,0 |
| Соннан: | | | |
| мәмлекетлик кәрханалар | - | - | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| акционерлик жәмийетлер | 2 | 2 | 100,0 |
| ширкетлер | - | - | |
| жәмәәтлик ижара карханалары | 4 | 3 | 75,0 |
| **Қурылыс трестлери** | - | 1 | - |
| Арнаўлы қурылыс кәрханалары | 1 | 1 | 100,0 |
| Өрташа жыллық, қурылыста ислеўши жумысшылар саны *(адам)* | 649 | 658 | 101,4 |
| Ҳалықтың турақ жай менен тәмийинленгенлиги ҳәр жан басына *(кв.м)* | 13,8 | 14,1 | 102,2 |

Кесте Нөкис қаласы статистика бөлими мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Ҳәзирги ўақытта Нөкисте 20 дан зыят акционерлик жәмийет ҳәм 754 киши бизнес кәрханалары ислемекте. Оларда 14039 адам жумыс пенен бәнт. Ашық түрдеги жәмийет болған «Орайлық базар» улыўма майданы 8.8 гектар, онда 2 мыңнан аслам саўда орынлары бар.

«Кабель» акционерлик жәмийети 1994-жылы қурылды. бул кәрханада ислеп шығарылып атырған өнимлер Росия, Қазақстан, Беларусь ҳәм басқа бир қатар мәмлекетлердиң талабы күшли. Өнимлерди ислеп шығарыў Германия технологиясы тийкарында әмелге асырылмақта.

Нөкис қаласы жанындағы «Нөкистас» акционерлик жәмийети бар. Бул кәрхана жоқары сапалы мрамор плиталар, тастан таярланған ҳәр қыйлы қурылыс өнимлерин ислеп шығарады.

«Нөкис ун» комбинаты, радио үйи, мәмлекетлик архитертура комитетиниң ҳәкимшилик имараты, «Бизнес орайы», санитария-эпидемиология станциясы, 4 банк ҳәкимшилик имаратлары, автобаза ҳәм басқа да көплеген қурылысларды пайдаланыўға тапсырды.

Көкелемзарластырыў ҳәм абаданластырыўға қәнигелескен акционерлик жәмиейти пайтахттағы ҳәкимшилик имаратларының әтирапларын, орайлық жоллар ҳәм қыябанларды көгалландырыў ҳәм абаданластырыў менен шуғыланады.

«Гөш-сүт саўда» ашық акционерлик жәмийети заманағөй үскенелер менен тәмийинленген болып, ол сапалы халық тутыныў өнимлерин ислеп шығармақта.

Көп санлы линияларға ийе болған орайлық ыссылық станциясы турақ жайларға, кәрханаларға шөлкем ҳәм мекемелерге хызмет көрсетеди.

Нөкисте 50 ден зыят асхана, улыўма аўқатланыў кәрханалары бар. Кондитер өнимлерин ислеп шыратуғын 10 нан зыят кәрханалар ислейди. «Нөкис нан» акционерлик

жәмийети бир сутка даўамында 72 тонна нан өнимлерин, 10 тонна макарон, 2 тонна кондитер өнимлерин ислеп шығарыў қуўатына ийе.

«Нөкис ун заводы» акционерлик жәмийетиниң жумысы бийдайдан ун ислеп шығарыў, оны халыққа жеткерип бериў,сондай-ақ нан ҳәм макарон өнимлерин ислеп шығарыўдан ибарат. Дәнди қайта ислеў қуўаты суткасына 110 тонна, болып, бул акционерлик жәмийетте Швейцарияның «Бюллер» ҳәм Германияның «Винклер» фирмаларында ислеп шығарылған заманагөй алдыңғы технология үскенелери орнатылған. Кәрханада 200 ге жақын адам мийнет етеди.

Қалада байланыс тармағыда кең раўажланбақта. 1927 жылы қуўатлылығы 25 аппарат бөлган телефон станциясы қурылған болса, бүгинги күнде Нөкис қаласында 10 автоматластырылған телефон станциясында 35878 қуўатқа ийе телефонлар халыққа хызмет көрсетпекте. «Уздунробита», «УзМобайл»,«Перфектум Мобайл», «Билайн», «Юсел» байланыс кәрханалары иске түсип, байланыс хызметиниң көлеми өспекте.

Жуўмақлап айтқанда Нөкис қаласы санаат комплексиниң ҳәзирги раўажланыў дәрежесин алға қойған талапларды шешиўге толық жуўап бермейди. Санаат тараўларында барлық резервлар иске қосылмай отыр. Қала Қарақалпақстан көлеминдеги бирден-бир энергетика орайы Тақыятас қаласына жақын болыўына қарамастан өндиристиң энергия бөлими менен жумыс ислейтуғын тараўлары жоқтың қасында, ал гейпара жағдайларда жаңа ғана раўажланыў қәддине кирген. Ҳәттеки қаладағы азық-аўқат санааты тараўлары шийки зат пенен толық тәмийинленбеген. Усының есабынан қаладағы ислеп турған айырым азық-аўқат өнимлерин жетистиретуғын кәрханалар өндирислик қуўатларын барлығы болып 60-70 % пайдаланады.

Солай етип, санаат комплексиниң раўажланыў машқалаларын шешкенде ең баслы мәселе ретинде оның шийки зат ресурслары менен толық тәмийинлеўин талап етиў керек ҳәм буны режели көрсеткишлер типинде ис жүзинде әмелге асырыў зәрүр болады.

### III.3. Қаланың социаллық тараўларының раўажланыўы

Жәмийетттиң раўажланыўы, техника ҳәм өндиристи шөлкемлестириўди раўажландырыў билимлендириўди, ден-саўлықты сақлаў жолларын, мәденият ҳәм спортты раўажландырмай турып әмелге аспайды. Мәденият тараўы хожалықтың ҳәр қыйлы талап тилеклерин қанаатландырыўға, халықтың көркем-өнер творчествосы ушын керекли мүмкиншиликлерди тәмийинлеўге, адамлардың қәбилийетин раўажландырыўға, турмыс салтын байытыўға мүмкиншилик дөретеди.

Халықтың билим дәрежеси, қәнийгелиги ҳәм илимий-техникалық саўатын асырыў ҳәзирги күнниң әҳмийетли мәселелериниң бири болып есапланады. Нөкис қаласы халқының билим дәрежеси алдыңғы жылларға салыстырғанда айтарлықтай раўажланды.

Қалада ҳәзирги күнде 42 улыўма билим беретуғын орта мектеп, 5 мектеп-интернаты, Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети, Нөкис Мәмлекетлик Педагогикалық институты, Ташкент Мәмлекетлик Аграр университетиниң Нөкис филиалы, Ташкент Мәмлекетлик Педиатрия Институтының Нөкис филиалы, Ташкент ахборот технологиялар университетиниң Нөкис филиалы, 25 орта арнаўлы оқыў орынлары (академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер коллежлери), 52 мектепке шекемги тәрбия орынлары хызмет көрсетпекте. Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими ҳәр қыйлы илимий-изертлеў жумысларын алып бармақта. Ҳәзирги күнде бул жерде 35 илим докторы, 350 ден аслам илим кандидатлары ҳәм илимий хызметкерлер жумыс ислемекте. Нөкис қаласы бойынша ҳәзирги күнде орта мектеплерде 4055 муғаллим, 33149 оқыўшы тәрбия алмақта.

Орта арнаўлы билим бериў орынларында 2074 оқытыўшы, 22299 студент ҳәр қыйлы бағдарда билим алмақта.

Жоқары оқыў орынларында 1494 оқытыўшы, 17875 студент билим алмақта.

Ден-саўлықты сақлаў мәселеси Нөкис қаласында жақсы жолға қойылған. Қалада 1945 орынға мөлшерленген 7 кеселхана, 1 жуқпалы кеселликлерди емлеў емлеўханасы, 2 медицина санатория бөлимлери, 1 саламатластырыў орайы, 5 арнаўлы диспансер, 11 стамотология поликлиникалары халыққа хызмет көрсетпекте.

Республика басқарыўынан тысқары заманагөй медициналық әспаб үскенелер менен тәмийинленген 3 емлеўхана ҳәм 10 поликлиникада халықтың саламатлығын сақлаў жумысларын жақсылаўға итибар каратпақта. Бул тараўда 367 врачлар, 1035 орта медицина хызметкерлери хызмет көрсетпекте.

Қалада жазыўшылар, журналистлар, художниклер, композиторлар ҳәм архитекторлардың творчестволық шөлкемлери жумыс алып бармақта. Бердах атындағы музыкалы драма театры, жас тамашагөйлер театры, мәмлекетлик филармония, 5 халық ансамбли ҳәм бир қанша ҳәўескер көркем-өнер жәмәәтлери халқымызға хызмет көрсетпекте.

Сондай-ақ, қалада 1 республикалық көлемдеги мәлимлеме-ресурс орайы, 8 клуб, 5 музей, 2 дем алыў ҳәм мәдeният бағлары болып, олар халыққа хызмет көрсетип келмекте.

Қалада спорттың раўажланыўына үлкен кеўил бөлинген. Әсиресе соңғы жылларда, яғный ғәрезсизликке ерискеннен кейинги жылларда спорттың миллий түрлери болған миллий гүрес, шабандозлықты раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинген.

Ҳәзирги күнде қалада 1 стадион, 1 суў бассейни, 68 спорт зал, 56 баскетбол майданша, 92 балейбол майданша, 12 теннис корты, 36 футбол майданша, 11 физкультура жәмийетлери ҳ.т.б.лар халқымыздың ден-саўлығы ушын хызмет көрсетпекте.

Қалада спорт пенен үзликсиз шуғылланыўшылар саны 4367 адам, усыннан 1-разряд 39, спорт усталары 11, Өзбекстан сайланды командасына ағзалары 9 адамды қурайды.

Қалада спортты жәнеде раўажландырыў ушын еледе спорт сарайларын ҳәм таза спорт инвентарлары менен тәмийинлеў керек деп ойлайман, себеби халықтың ден-саўлығын көтериўде спорттың роли жоқары.

Улыўма халықтың жақсы жасаўы ҳәм олардың руўхый раўажланыўы ушын жоқарыда көрсетилген мәдений орынлар еледе азлық қылады, себеби экономикалық жақтан раўажландырыў ушын да, улыўма мәмлекетти раўажландырыў ушын да жақсы дем алыў орынлары жеткиликли дәрежеде блыўы керек.

## III.4. Нөкис қаласының алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарлары

Илимий техникалық прогресс дәўиринде қала белгили бир ел көлеминде, сондай-ақ барлық дүнья жүзи халықларының социал-экономикалық ҳәм жәмийетлик турмысында үлкен рол атқармақта. Себеби, ҳәзирги заман қала жәмийеттиң тийкарғы экономикалық-илимий ҳәм мәдений потенциалы топланған орайы есапланып оның өз қәлпинде раўажланыўы басқа көп санлы хожалық объектлеринен тарқалады. Сонлықтан қала тек әпиўайы адам жасайтуғын бөлимшелерден жыйынтығы емес. Ал, өзине тән функцияға ийе ерикли организм сыпатында характерленеди. Бизиң дәўиримизде көп санлы ҳәр қыйлы функцияға ийе қалалардың раўажланыўы жаңа қалалардың ҳәм елатлы пунктлердиң пайда болыўы жүз берди.

Сондай-ақ, оларда халық массасына ҳәдден тысқары концентрацияланыўы тән болып отыр. Қалалардың пайда болыўы ҳәм толысыўы бир тәрептеги жәмийет турмысында қалалардың командалық ролин келтирип шығарса, екинши бир жағдайда қалалардың өзине тән жәмийетлик функцияларының қәлиплесиўине ҳәм кемейиўине күшли тәсир етпекте.

Мине усы көз қарастан ҳәзирги заманға қарап санааат өндирисиниң комплекс бағдарда раўажланыўда халық санының бир орайда көбейиўине ҳәм инфраструктуралық өндирис объектлериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына күшли тәсир жасамақта, солай етип қаланың раўажланыўының баслы факторы әлбетте қала өндириси ҳәм инфраструктуралық тармақлар есапланылады. Ҳәзирги заман қалаларының раўажланыўы

ҳәм оның экономикалық потенциаллығы қала хожалығын шөлкемлестириў ҳәм қалалардың функциясына киретуғын өндирис аймақлық структурасын жетилистириўде тиккелей байланыслы.

Егер аўыллық жерлер шараятында мийнет шығынларын қысқартыўдың баслы факторы аўыл хожалығы өндирисин механизациялаў есапланса, қала шараятында санаат өндирисин комплекс бағдарда қурыў кеңейтиў ҳәм раўажландырыў менен тиккелей байланыслы.

Бул қала шараятында халық хожалығы айланасына қосылмаған мийнет ресурсларына рационал ҳәм ҳәр тәреплеме пайдаланыўға жол ашады. Солай етип, қала айырықша әҳмийетке ийе шөлкемлестириў функциясын атқаратуғын объект ҳәм транспорт узели. Сонлықтан қалалардың жол қатнас функцияларын күшейтиў ҳәм раўажландырыў арқалы екинши қала ямаса елатлы пунктлер менен байланысын беккемлеўге итибар бериў керек.

Қалалардың жол қатнас функцияларын қурыў ҳәм беккемлеў қалалар арасында тармақ айланысын дүзиўге ҳәм өндирис базалары менен тутыныўшылардың өз ара байланысларын жетилистириўге мүмкиншилик береди, ҳәм бул фактор ҳәзирги заманға қалалардың шөлкемлестириўшилик функциясы ретинде хызмет етпекте. Қала ҳәм қала әтирапындағы зоналарда өндирис тараўларын бир тутас экономикалық байланысларын дүзиўге сайкес қалалардың фокуслық орайы қәлиплесиўи мүмкин.

Бундай шараятта қалаларда үйрениў бириншиден, пүткил ел көлеминдеги машқалалар менен байланыслы иске асырылса, екиншиден қаланы фокуслық орай көз қарастан есапқа алыў олардың өз ара байланысын жақын ҳәм алыслығын үлестирип үйрениўди талап етиледи.

Солай етип, қалаға социал экономикалық аспекте сыпатлама бериў ҳәм олардың ҳәзирги заман жәмийет турмысындағы ролине айрықша итибар берип уллы рус илимпазы Н. Н. Баранский қала ямаса басқада объектлерге географиялық сыпатлама бергенде ең тийкарғы баслама ретинде салыстырыў моментин усынады. «Салыстырыў арқалы - дейди ол, басқа қалаларға тән уқсаслығы ямаса, улыўмалылығы есапқа алыныўы мүмкин.

Сонлықтан, салыстырыў усылы бәриненде бурын изертлеўши ушында қолайлы. Себеби ол салыстьрыў арқалы изертлейтуғын объектин нақ ҳәм тереңирек билиўге және оның мазмунын оқыўшыларға ямаса тыңлаўшыларға жеткериўи мүмкин.

Қалаларға эконом-географиялық көз қарастан изертлеў жүргизгенде қала жайласқан аймақтың қолайлы ҳәм қолайсыз тәреплерин толық есапқа алыў зәрүр. Себеби, қалаларға тарийхый статистикалық ҳәм социологиялық көз қарастан сыпатлама бериў

эконом-географиялық мазмундағы мағлыўматларға салыстырғанда түп-тамырынан басқаша болады. Бул пикирлеримизди Нөкис қаласына берилген эконом-географиялық тәреплегенде байқаў мүмкин.

Нөкис Өзбекстанның арқа батысындағы Әмиўдәрьяның Тақыятас қыснағына жақын жайласқан, Хорезм Оазизиндеги ири қалалардан есапланып, гипсометрик көз қарастан қала әтираптағы территорияларға салыстырғанда әдеўир ойпатлықта жайласқан оның теңиз қәддинен орташа бәлентлиги 100 метрге барабар. Нөкис қаласының әтирапы қумлар менен қаплынып қаланың микроклиматына күшли тәсир жасайды ҳәм кескин өзгермели қурғақ климат шараятының қәлиплесиўине тәсир етеди. Нөкис пайда болыўы ҳәм раўажланыў этапларына нәзер аўдарсақ Өзбекстандағы жас қалалар қатарына киреди. Қала ҳақыйқатында да Қарақалпақстан Республикасының дәл ортасы есапланып басқа районлар ҳәм қалалар менен транспорт арқалы байланыс жасаўға қолайлы географиялық орында жайласқан. Нөкис қаласы қысқа дәўир ишинде кишигирим қаладан Қарақалпақстанның ири санаат мәдeният ҳәм илим орайына айланды. Қаланың ҳәр тәреплеме раўажланыўына Чаржоў-Қоңырат темир жолының Урал ҳәм Орта Азия орайы газ қубырының иске түсиўи, Тақыятас ГРЭС иниң салыныўы, сондай-ақ Әмиўдәрья арқалы Қарақалпақстанның оң тәрепте жайласқан районларына темир жол ҳәм автомобиль жолларының өткерилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Солай етип, төменги Әмиўдәрьяда жайласқан Қарақалпақстан ҳәм басқада административлик аймақлардың Өзбекистан пайтахты Ташкент ҳәм басқада районлары менен тиккелей байланысыўы бизиң регионымызда өндириўши күшлердиң тез пәт пенен раўажланыўына жол ашты. Бул Нөкис қаласының социал экономикалық позициясының күшейиўине күшли тәсир етти.

Ҳәзирги Нөкис қаласы Қарақалпақстан республикасының сиясий ҳәкимшилик мәдений ҳәм ири санаат орайы есапланады.Өткен 70 жыл ишинде қаланың экономикалық потенциалы өсти ҳәм беккемленди, ҳәзир жыл сайын Нөкис қаласында өндирилетуғын санаат өнимлериниң көлеми республика бойынша өндирилетуғын жыллық санаат өнимлериниң 30-31 %тин жеткерип береди. Егер Төменги Әмиўдәрья экономикалық районында жайласқан айрым қалаларда (Үргенч, Хийўа, Ташаўыз, Хожели ҳәм т.б) жетекши орынды азық-аўқат санааты өнимлери турса, Нөкис қаласында аўыр санаат өнимлери тез пәт пенен өсти ҳәм бул қала хожалығында жыл даўамында таярланатуғын санаат өнимлериниң дерлик 50 % ке жақынын қурайды.

Нөкис қаласының санаат тараўларында пазитивлик тенденциялар жүз бермекте. Қала хожалығында аўыр санааттың өсиў пәти жоқарылады ҳәм демографиялық потенциялы күшейди. Егер, 1939 жылғы халық есап-санағы мағлыўматларына қарғанда

Нөкис қаласында 10,4 мың адам жасаса бул көрсеткиш 1959 жылы 39,1 адамды 1979 жылы 113,4 мың адамды қураса ал 2010 жылдың 1-январындағы статистикалық мағлыўмат бойынша оның халқы 271,2 мың адамға көбейди.

Қала хожалығында 1996-2009 жыллар ишинде санаат өнимлерин жетистириў бес есеге артты. Кейинги жылларда қала санааты структуралық жақтан жетилисти ҳәм таза санаат тараўлары пайда болды. Булардың қатарына тоқымашылық санааты кәрханаларының қурылыс индустриясы ҳәм қурылыс материалларын өндиретуғын тараўлар шойын қуймаларын өндирип ҳәм жергиликли АПК шийки зат өнимлери тийкарында жумыс ислейтуғын азық-аўқат кәрханаларын атаўға болады. Солай етип, Нөкис қаласының баслы хожалық функциясында аўыр санааат тараўлары жетекши ролди ийелеп барылып комплексинде ислеп шығарылатуғын өнимниң 47-49 % ке жақын ал, жумысшы хызметкерлер санының 67,3-69,1 % ти туўра келеди. Қала хожалығында азық-аўқат ҳәм жеңил санаат тараўларының роли де артпақта. Нөкис қаласының баслы функциясында социаллық сфераларда жетекши ролиди ийелейди. Кейинги жылларда қала аймағында орайлық көшелер бойлап көп этажлы жайлар магистрал административлик биналар ҳәм көк-жасыл түрдеги безелген майданшалар саны көбеймекте. Булардың қатарына жоқары кеңес президуми бинасы Министрлер кеңеси Орайлық банк Қарақалпақ мәмлекетлик урниверситети, Бердах Ғарғабай улы музейи, студентлер сарайы, бахыт үйи, Нөкис темир-жол вокзалы, Ташкент мийманханасы иморатлары, Мырза Улуғбек естелиги ҳәм тағы басқа есапланылады.

Ҳәзирги Нөкис қаласы Хорезм оазисиндеги ең ири илим орайы есапланылады. Қалада Өзбекстан пәнлер акедемиясының Қарақалпақ бөлими жумыс ислеп онда 357 илим кандидантлары, 35 илим докторлары ҳәм басқада ҳәр қыйлы маманлықтағы жас қанийгелер илим изертлеў жумысларын алып бармақта. Бул Нөкис қаласында жоқары мағлыўматлы қәнийгелер санының өсиўи ҳәм халық хожалығының тараўлары жоқары квалификациялы қәнигелер менен тәмийнлеўге жол ашты. Ҳәзир Нөкис қаласы жоқары квалификациялы кадрлар менен тәмийнлеў дәрежеси бойынша тек Өзбекстанда емес ал, көпшилик мәмлекетлери менен салыстырғанда жоқары көрсеткишке ийе. Мысалы, ҒМДА еллеринде 1989 жылы жүргизилген халық есап-санағы мағлыўматлары бойынша ҳәр бир мың адамға орташа жоқары мағлыўматлы 90 адам туўры келсе бул көрсеткиш Нөкис қаласы бойынша 140 адамды қурайды. Бүгинги күнде Нөкис үлкен келешеги бар қалалар қатарына киреди. Ол Өзбекстандағы ең жас шәҳәрлер қатарына кириўине қарамастан қысқа ўақыт ишинде елимиздиң ири сиясий ҳәкимшилик социал экономикалық ҳәм перспективалық транспорт узелине айналды. Нөкис-Суярған- Үшқудық-Наўайы-Ташкент

бағдарындағы темир жолдың иске түсирилиуине байланыслы қалада санаат ири қурылыс транспорт байланыс коммуникациялары, сондай-ақ, сыртқы экономикалық байланыслары тез пәт пенен раўажланбақта. Бул басқада Нөкис қаласының социал экономикалық раўажланыўын тезлетиуге бағдарланған илажлар ҳәм оның ҳәзирги қолға киргизилип атырған реал мүмкиншиликлери Республика халқында үлкен исеним ҳәм мақтаныш сезимлерди пайда етпекте.

## *ЖУЎМАҚЛАЎ*

Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўын үйрениу арқалы биз қаланың санаат өндириси структурасы еледе бир тәреплеме характерге ийе екенлигин аңладық. Сонлықтан да қала хожалығының алдағы перспективада раўажланыўын режелестириуге төмендегилерди есапқа алсақ мақсетке муўапық болады.

Өндирис тараўлары арасындағы байланысты еледе жеделестириў мийнет ресурсларынан рационаллы пайдаланыў ҳәрекеттеги кәрханалардың қуўатлылығын жоқарлатыў ҳәм ҳәзирги заман технологиясынан кеңнен пайдаланыў. Сыртқы инвестицияларды алып кириў, сыртқы экономикалық байланлысларды жеделлестириўден ибарат. Нөкис қаласының келешекте раўажланыўы ушын айтарлықтай мүмкиншиликлер бар. Буларға Республикамыздың тереториясынан өтиўши Бухара-Урал, Орта Азия орай газ қубырларының әҳмийети, сондай-ақ Нөкис-Үшқудық-Наўайы, ҳәм де Чаржоў-Қоңырат, Мақат-Александров-Гай бағдарындағы темир-жол линиялары Республикамыздың ири сырт еллердиң раўажланған районлары менен байланыс жасаўды күшейтсе, ири қуўатлы Тахиаташ ГРЭСи ҳәм оның Нөкисте арқа районларға өтиўши линиялары қалада өндирис тараўларын раўажландырыў ушын кең мүмкиншиликлер жаратыўы сөзсиз. Солай етип Нөкистиң алдағы переспективалық социал-эканомикалық раўажланыўын тәмийинлеўи ушын төмендеги машқалаларды шешиў керек деп ойлаймыз.

1. Нөкис қаласының баслы хожалық раўажланыўын жеделлестириў әсиресе онда индустуриялық раўажландырыўды жетилистириў;

2. Мийнет ресурсларын рационаллы пайдаланыўды еледе жетилистириў;

3. Қала абаданлығын жақсылаў ҳәм халыққа хызмет көрсететуғын тараўларды раўажландырыў;

4. Қала әтирапында халықтың дем алыў, рекрацион орынларын ашыў ҳәм халық саламатлығын буннан былайды жақсылаў.

5. Социаллық инфраструктураны жақсы жолға қойыў.

Жуўмақлап айтқанда, қаланың раўажланыўы ҳәм оның раўажланыў перспективасы илимпазлар тәрепинен тереңирек изертлеўди талап етеди, деп ойлайман. Бул келешекте пайтахтымыз Нөкис қаласының раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе.

**Өмир қәўипсизлиги**

Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим миниситрлиги, пуқаралық қорғаныўдың баслығы А.Парпиевтиң 28.10.2008 ж. №318 санлы буйрығы ҳәм университет Илимий Кеңеси (12.11.2008 ж, №2 ис қағазы) қарары тийкарында таярланған университет ректораты буйрығына (13.11.2008 ж. №120 Д/1, §4) тийкарланып «Өмир қәўипсизлиги» пәнин барлық тәлим бағдарлары бойынша талабаларға оқыў процессинде үйретиў ушын, магистр диссертациясын ҳәм бакалавр қәнигелик питкериў жумысын орынлаўда пәнниң ҳуқықый тийкарлары киргизилди.

“Жәмийетте пухаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаў тәмийинленгенде ол ҳақықый, ҳуқықый пухаралық жәмийет болады. Ҳәр бир адам өз ҳуқықларын анық билиўи олардан пайдалана алыўы, өз ҳуқықы ҳәм еркинликлерин қорғай алыўы лазым. Буның ушын дәслеп мәмлекетимиз халқының ҳуқықый мәдениятын асырыў зәрүр” (И. Каримов. Өзбекстан XXI әсирге умтылмақта, 31 – бет).

XX әсирдиң 60–жылларынан баслап ис жүргизип келген пухаралық қорғаныў системасының тийкарғы ўазыйпасы тынышлық дәўиринде ҳәм урыс жағдайында мәмлекет халқын жалпы қырғын қураллары ҳәм басқа хүжим қуралларынан қорғаў, урыс жағдайында халық хожалығы объектлериниң турақлы ислеўин тәмийинлеў ҳәмде апатшылық ошақларында қутқарыў ҳәм тиклеў жумысларын өз ўақтында нәтийжели әмелге асырыўдан ибарат еди.

Бирақ халық өмирине тек жалпы қырғын қураллары емес, бәлким басқа қәўип – қәтерлерде қәўип салмақта, оларды нәзерден шетте қалдырыў ҳасла мүмкин емес. Булар тәбийий, техноген ҳәм экологиялық қәсийетли айрықша жағдайлар болып табылады.

90–жылларға келип ядро урысы қәўипи кемейип, биологиялық қураллардан пайдаланыў шеклеп қойылды, жаңа – заманагөй қурал түрлери ойлап табылды, олар адамлар ушын қәўипли болмай, бәлки экономикалық объектлерди истен шығарыўға қаратылған еди. Булардың барлығы пуқаралық қорғаныў системасы орнында жаңа бир система дүзилиў кереклигин дәллилеп берди.

Пуқаралық қорғаныў орнын ийелеўи мүмкин болған ири көлемдеги айрықша жағдайларға әўелден таярлықты тәмийинлеўши жаңа арнаўлы мәмлекет системасы

ийелеўи, ол тынышлық ҳәмде урыс дәўиринде халықты ҳәм аймақларды айрықша жағдайлардан қорғаўы лазым еди. Бул система халықты айрықша жағдайлардан қорғаў ҳәм қутқарыў жумысларын өткерип қоймай, басқа әҳмийетли илажларды: тәбийий апатлардан қәўипли аймақлар карталарын дүзиў, сейсмикалық беккем бина ҳәм иморатларды қурыў, қысқа, орта ҳәм узақ мүддетли болжаў жумысларын шөлкемлестириўи ҳәм халық таярлығын әмелге асырыўы лазым еди.

Усы орында және бир мәселени айдынластырып алыўға туўра келеди. Айрықша жағдай деген не, оннан халықты ҳәм аймақларды қорғаў дегенде нени нәзерде тутыўымыз керек?

Айрықша жағдай – адамлар қурбан болыўы, олардың ден саўлығы яки қоршаған орталыққа зыян тийиўи, материаллық шығынлар келтирип шығылыўы ҳәмде адамлардың турмыс шараятының изден шығыўына алып келиўи мүмкин болған яки алып келген авария, апатшылық, қәўипли тәбийғый ҳәдийсе яки басқа тәбийий апатшылық нәтийжесинде белгили бир аймақта жүзеге келген жағдай.

**Халықты ҳәм аймақларды айрықша жағдайлардан қорғаў** – айрықша жағдайлардың алдын алыў ҳәм оларды сапластырыў илажлары, усыллары, қураллар системасы, ҳәрекетлер бирлесиги.

**Айрықша жағдайлардың алдын алыў** – алдын ала өткерилип, айрықша жағдайлар жүз бериўи қәўипин мүмкиншилиги болғанша кемейтиўге, бундай жағдайлар жүз берген тәғдирде болса адамлар ден саўлығын сақлаў, қоршаған тәбийий орталыққа тийетуғын зыян ҳәм материаллық шығынлар муғдарын кемейтиўге қаратылған илажлар комплекси.

**Айрықша жағдайларды сапластырыў** – айрықша жағдайлар жүз бергенде өткерилип, адамлар өмири ҳәм ден саўлығын сақлаў, қоршаған тәбийий орталыққа тийетуғын зыян ҳәм материаллық шығынлар муғдарын кемейтиўге, сондай – ақ айрықша жағдайлар жүз берген зоналарды шеңберге алып, қәўипли факторлар тәсирин тоқтатыўға қаратылған авария – қутқарыў жумыслары ҳәм басқа кешиктирип болмайтуғын басқа жумыслар комплекси.

Халықты ҳәм аймақларды айрықша жағдайлардан қорғаў тараўында қойылған ең тийкарғы жумыслардың бири–дәслеп Қорғаныў министрлиги қасында пуқаралық қорғаныў ҳәм айрықша жағдайлар басқармасының, соң усы басқарма тийкарында **Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1996 жыл 4 марттағы ПФ–1378 Буйрығы** менен Айрықша жағдайлар министрлигиниң дүзилиўи болды.

Министрлик ис жүргизе баслағаннан соң халықты ҳәм аймақларды айрықша жағдайлардан қорғаў тараўының ҳуқықый тийкарын дүзиўши бир қатар нызам ҳәм қарарлар қабыл етилди.

***Өзбекстан Республикасы нызамлары:***

**Халықты ҳәм аймақларды тәбийий ҳәм техноген қәсийетли айрықша жағдайлардан қорғаў ҳаққында** (1999-жыл 20-август) – 5-бөлим ҳәм 27-статьядан ибарат. Нызам халықты ҳәм аймақларды тәбийий ҳәм техноген қәсийетли айрықша жағдайлардан қорғаў тараўындағы социал мүнәсибетлерди тәртипке салады ҳәм айрықша жағдайлар жүз бериўи ҳәм раўажланыўының алдын алыў, айрықша жағдайлар келтиретуғын шығынларды азайтыў ҳәм айрықша жағдайларды сапластырыўды мақсет етип қояды.

**Пухаралық қорғаныў ҳаққында** (2000-жыл 26-май) – 4-бөлим ҳәм 23-статьядан ибарат. Усы нызам пухаралық қорғаныў тараўындағы тийкарғы ўазыйпаларды, оларды әмелге асырыўдың ҳуқықый тийкарларын, мәмлекет органларының, бирлеспе ҳәм шөлкемлердиң ўәкилликлерин, Өзбекстан Республикасы пухараларының ҳуқықлары ҳәм мәжбүриятларын, сондай – ақ пухаралық қорғаныў күшлери ҳәм қуралларын белгилейди.

**Адамның иммунитет жетиспеўшилиги вирусы менен кеселлениўиниң алдын алыў ҳаққында** (1999-жыл 19-август) – 13-статья. Нызамда АИЖС кеселлигиниң алдын алыў тараўындағы мәмлекетлик тәмийинлеў, кеселликтиң алдын алыў бойынша жумысларды қаржы менен тәмийинлеў, пухаралардың ҳәм мәжбүриятларына тийисли мәселелер көрсетилген.

**Гидротехника иншаатларының қәўипсизлиги ҳаққында** (1999-жыл 20-август) – 15-статья. Усы назымның мақсети гидротехника иншаатларын жойбарластырыў, қурыў, пайдаланыўға тапсырыў, олардан пайдаланыў, оларды реконструкция қылыў, тиклеў, консервациялаў ҳәм тамамлаўда қәўипсизликти тәмийинлеў бойынша искерлигин әмелге асырыўда жүзеге келетуғын минәсибетлерди тәртипке салыў болып табылады.

**Аўыл хожалық өсимликлерин зыянкеслер, кеселликлер ҳәм жабайы от - шөплерден қорғаў ҳаққында** (2000-жыл 31-август) – 28-статья. Усы нызамның мақсети аўыл-хожалық өсимликлерин зыянкеслер, кеселликлер ҳәм жабайы от-шөплерден қорғаўды тәмийинлеў, өсимликлерди қорғаў қуралларының адам ден-саўлығына, қоршаған тәбийий орталыққа зыянлы тәсириниң алдын алыў менен байланыслы қатнасларды тәртипке салыўдан ибарат.

**Радиациялық қәўипсизлик ҳаққында** (2000-жыл 31-август) – 5 бөлим ҳәм 28 статьядан ибарат. Нызамның мақсети радиациялық қәўипсизликти, пухаралар өмири, ден

саўлығы ҳәм мал–мүлки, сондай–ақ, қоршаған орталықты ионластырыўшы нурланыўдың зыянлы тәсиринен қорғаўды тәмийинлеў менен байланыслы қатнасларды тәртипке салыўдан ибарат.

**Терроризмге қарсы гүрес ҳаққында** (2000-жыл 15-декабрь) – 6-бөлим ҳәм 31-статьядан ибарат. Усы нызамның мақсети терроризмге қарсы гүрес тараўындағы қатнасларды тәртипке салыўдан ибарат. Нызамның тийкарғы ўазыйпалары шахс, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң суверенитетин ҳәм аймақлық пүтинлигин қорғаў пухаралар тынышлығы ҳәм миллий татыўлықты сақлаўдан ибарат.

**Қәўипли ислеп шығарыў объектлериниң санаат қәўипсизлиги ҳаққында** (2006-жыл 28-сентябрь) – 23-статья. Нызамның мақсети қәўипли ислеп шығарыў объектлариниң санаат қәўипсизлиги тараўындағы қәтнасларды тәртипке салыўдан ибарат.

***Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары:***

**Тасқынлар, сел ағымлары, қар көшиў ҳәм жер көшкиси ҳәдийселери менен байланыслы айрықша жағдайлардың алдын алыў ҳәм олардың ақыбетлерин тоқтатыў барысындағы – илажлар ҳаққында** (2007-жыл 19-февраль, ПҚ – 585 – санлы). Тасқынлар, сел ағымлары, қар көшиў ҳәм жер көшки ҳәдийселери менен байланыслы жумысларды өз ўақтында ҳәм нәтийжели шөлкемлестириў, сондай – ақ олардың ақыбетлерин тезлик пенен тоқтатыў мақсетинде қабыл етилген.

***Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары:***

**Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайлар министрлигиниң жумысын шөлкемлестириў мәселелери ҳаққында** (1996-жыл 11-апрель, 143–санлы). Қарарға «Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайлар ҳаққында»ғы Нызам қосымша етилген. Айрықша жағдайлар министрлигиниң тийкарғы ўазыйпалары, ҳуқықлары келтирилген.

**Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайларда олардың алдын алыў ҳәм ҳәрекет етиў мәмлекетлик системасы ҳаққында** (1997-жыл 23-декабрь, 558-санлы). Қарар менен Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайларда олардың алдын алыў ҳәм ҳәрекет етиў мәмлекетлик системасы (АЖМС) ҳаққындағы Нызам ҳәм оның дүзилиси тастыйықланған, министрлик ҳәм идаралардың халық ҳәм аймақларды айрықша жағдайлардан қорғаў бойынша функциялары келтирилген.

**Өзбекстан Республикасы халқын айрықша жағдайлардан қорғаўға таярлаў тәртиби ҳаққында** (1998-жыл 7-октябрь 427–санлы). Қарар мәмлекет халқын ҳәм аймақларын тәбийий ҳәм техноген қәсийетли айрықша жағдайлардан қорғаў системасын раўажландырыў мақсетинде қабыл етилген. Қарарға қосымша келтирилген «Халықты

айрықша жағдайлардан қорғаў тараўында таярлаў тәртиби ҳаққында»ғы Нызам Өзбекстан Республикасы халқын айрықша жағдайлардан қорғаў тараўында, сондай – ақ айрықша жағдайларда ҳәрекет етиўге таярлықтан өтип атырған халық топарларын таярлаўдың тийкарғы ўазыйпаларын, түрлери ҳәм усылларын белгилейди.

**Тәбийий, техноген ҳәм экологиялық қәсийетли айрықша жағдайлардың сыпатламасы ҳаққында** (1998-жыл 27-октябрь, 455-санлы). Қарар менен тастыйықланған сыпатламаға муўапық айрықша жағдайлар жүзеге келиў себеплерине көре техноген, тәбийий ҳәм экологиялық қәсийетли, усы жағдайларда зыян керген адамлар санына, материаллық зыянлар муғдарына ҳәм көлемлерине қарап локал, жергиликли, республика ҳәм трансшегаралы түрлерге бөлинеди.

**Өзбекстан Республикасында адамлар ҳәм ҳайўанлардың қутырыў кеселлигине қарсы гүрести күшейтиў илажлары ҳаққында** (1996-жыл 18-январь, 32- санлы). Адамлар ҳәм ҳайўанлардың қутырыў кеселлигине қарсы гүрес илажларының нәтийжелигин асырыў, сондай – ақ халық жасаў орынларында ийт, пышық ҳәм басқа үй ҳайўанларын тәртипке салыў мақсетинде қабыл етилген.

**Ғалаба халықлық илажларды өткериў қағыйдаларын тастыйықлаў ҳаққында** (2003-жыл 13-январь, 15–санлы). Өзбекстан Республикасы аймағында ғалаба халықлық илажлар өткерилиўи ўақтында жәмәәт қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәм тәртибин қорғаў мақсетинде қабыл етилген.

**Айрықша жағдайларды болжаў ҳәм алдын алыў Мәмлекет дәстүрин тастыйықлаў ҳаққында** (2007-жыл 3-апрель, 71–санлы). Айрықша жағдайлардың алдын алыў ҳәм ақыбетлерин сапластырыў тараўында алып барылып атырған жумыслар өнимлилигин асырыў мақсетинде қабыл етилген.

Жоқарыда көрсетилген ҳуқықый ҳүжжетлер тийкарында оқыў процессинде талабаларға “Өмир қәўипсизлиги” пәниниң барлық бағдарлары бойынша кең мәнисте түсиниклер берилди.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсоғасида. Хавсизликка тахдид, барқорарлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Тошкент, 1997
2. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. Тошкент, Ўзбекистон, 1998
3. Каримов И.А. Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - ең әҳмийетли мақсетимиз. 27-январь 2010-жыл, Халқ сўзи газетасы, 20 саны.
4. Аҳмедов Э.А. Ўзбекистон шаҳарлари. Тошкент, 1991
5. Аҳмедов Э.А. Ўзбекистон шаҳарлари мустақиллик йилларида. Т., 2002
6. Иномов И. Ўзбекистоннинг янги шаҳарлари. Тошкент, 1991
7. Лаппо Г.М. Города на пути в будущее. Москва, 1987
8. Набиев Э., Каюмов А. Ўзбекистоннинг иқтисодий салоҳияти. Тошкент, 2000
9. Солиев А. С. География городов Республик Средней Азий. -Т., 1984.
10. Солиев А. С. География городов и урбанизация в Республиках Средней Азий. -Т., 1991.
11. Солиев А., Махамадалиев Р. Иқтисодий ва социал географиянинг асосий муаммолари. Тошкент, 2002
12. Татыбаева В. Строительство Нукуса как политико- административного, культурного и экономического центра Каракалпакии. Вестник КК филиала АНРУЗ. -Нукус, 1979.
13. Тухлиев Н. Ўзбекистон иқтисодиети. Тошкент, 1991
14. Халмурзаев Д. Шаҳар атрофи хўжаликларини шаклланиши ва ривожланишининг географик жиҳатлари. Узб. география жамияти ахбороти. 23-жилд -Т., 2003.
15. Ходжаева Г., Қожабаев С. Қорақалпоғистон демографик вазиятининг айрим масалалари, География жамияти 8-съезди материаллари.
16. Ходжаева Г., Нуранов М., Қожабаев С. Город в Пустынье. Материалы республиканского научно-практической конференции, Бухара, 2010
17. Нөкис қаласы ҳәкимиятының экономика ҳәм статистика бөлиминиң мағлыўматлары. 1997-2009 жж.